84 (5 Қар)
Е - 71

КӨБЕЙСИН ЕРНАЗАРОВ

# ӨМИРДЕН УҒЫНҒАНЛАРЫМ ҲӘМ ӨЗГЕЛЕР БИЗ ҲАҚҚЫНДА



Ерназаров К.

**Өмирден уғынғанларым хәм өзгелер биз ҳаққында. Автобиографиялық эссе. Нөкис, 2016.**

***Ҳәр бир адам баласы мухаббаттың мийўасы сыпатында дүньяға келер екен, оның дурыс тәрбия алыўы, оқып белгили бир кәсиптиң ийеси болыўы, сондай ақ өмирден өз орнын таўып ҳадал жасаўы, усының менен бир қатарда өзгелерге де пайдасы тийетуғын қайыр-сақаўатлы пидайы жақсы инсан болып ат көтериўи шәрт. Бул пазыйлетлер кимди болса да үлкен ҳүрметке бөлейди. Мен өзимди усы топарда жүргенлигимнен оғада бахтияр санайман. Буған ерисиў ушын өмирден де көп нәрселерди уғындым. Нәтийжеде 1993-жылы Бердақ атындағы Мәмлекетлик сыйлықтың лауреати болдым, ал 1999-жылдан Қарақалпақстан хәм Өзбекистан жазыўшылар аўқамының ағзасыман.***

***Китапшада жаслық жылларымдағы билдирилген гейпара пикирлерим бүгинги түсиниклериме қайшы келсе де өзгертпей сол турысында қалдырыўды мақул көрдим.***

RESPUBLIKALI'Q
MA'LIMLEME-RESURSLI'Q
WORAYI'
INV № 88068

# 1 ӨМИРДЕН УҒЫНҒАНЛАРЫМ

## АТА-БАБАЛАРЫМ ҲАҚҚЫНДА БИЛГЕНЛЕРИМ

Биз Қоңырат улусының Ашамайлы уруўының Қутым тийресинен боламыз, шығысымыз Араллы өзбеклер қәўимине киреди.

Тарийхый дереклерге жүгинсек қоңыратлылар Дәшти қыпшақ даласында емес, ал Монголия — Қытай мәмлекетлери менен шегаралас аймақларда жасаған көп санлы туркий қәўимлердиң бири болған. Усыннан 800 жылдай бурын монгол ҳүкимдары Шыңғыс хан (1155-1227) биринши болып қоңыратлыларды бағындырған ҳәм сол қәўимниң қызына үйленген екен. Арал бойына биринши рет Шыңғысханның атланысы дәўиринде келип орналасқан, соң 1500-жыллары өзбек ханлығын басқарган Шайбанийдың (1451-1510) атланысы дәўиринде толысқан, ҳәм қонысланыў даўам еткен.

Ашамайлының Қутым тийресиниң пайда болыўы ҳаққында төмендеги рәўиятларды еситкенмен.

Егерде тарийхқа жүгинсек 1600-1750 жыллары аралығында Иран патшалығының Хорезмге топылысы көп болып турған. Усындай саўашлардың биринде Хийўа ләшкерлериниң байрақдары оққа ушып, туўы жығылады. Буны көрген ләшкерлер өз-өзинен басқы таўып шегине баслайды. Сонда Қутым исимли ләшкер ержүреклик етип, байрақты жоқары көтерип әскерлерди алға баслайды ҳәм жеңиске ериседи.

Урыстан соң хан бул жигитти таптыртып алады ҳәм оған ҳүрмет көрсетилип ерлиги ушын Қоңырат улусының Ашамайлы уруўына бийлик етиў ҳуқықын беретуғын пәтек бериледи, усы ўақыттан баслап Қутым бийден өнип-өскен урпақлар Қутым тийресине тийкар салады. Бирақ ол киси бизиң 8-атамыз болса керек (шама менен 1730-1782-жыллары). Мениң 4-атам Палўан бийге шекем Мәтнияз гәршектиң болғаны тарийхый дереклерде атап өтилген.

Палўан бийдиң баласы: 1) Сейит бий, 2) Юсуп, 3) Мамыт, 4) Қылыш бийлер болған.

Сейит бийден — Әўез бек, Әмет бек, Тәжимурат, Гүлжан, Дуржанлар;

Юсуптен — Рейимбай, оннан Ешмурат, Гурла;

Мамыттан — Атажан, оннан Досжан;

Қылыш бийден — Сапарнияз бий, Айым дүньяға келген;

Сапарнияз бийден — Матнияз гәршек, Аллаяр, Ерназар туўылған;

Сапарнияздың қарындасы Айымнан — Есиркеп, Зият, қызы Абат;

Гәршектен перзент болмаған; Бирақта иниси Аллаяр өзиниң Наргүл (1927-2001) исимли туңғыш қызын жеңгеси Сараның етегине салған, ол турмысқа шығып кеткенен кейин бизди сорап алған екен. Наргүл апам мени ҳәттеки туўысқан инилеринен де артық көрип, өмириниң ақырына шекем қайырқомлық етип өтти.

Аллаярдан — Наргүл, Теңел, Қуўат, Тазагүл;

Жоқарыдағы марҳумлардың бәршесине Алланың рахметлери жаўсын!

Ерназардан — Көбейсин, Раўшан (мархум);

Көбейсиннен — Махмут, Махсут, Ильхам, Гүлистан, Дилбарлар дүньяға келди.

Қудайға шүкир ҳәзир 15 ақлықтың атасыман. Илайым, өмирлери узақ болғай!

Ал, қарындасым Раўшаннан — Сағынбай, Злиха, Қурал (марҳум), Жамғырбай, Гүлбәҳәр, Гүлаш, Гаўхар (мархум) туўылған.

Усы күнге шекем Палўан бийдиң урпақларынан Қылыш бий ҳәм Сапарнияз бийлер ел басқарған болса, Совет дәўиринде профессор Асқар Тәжимуратов ғана жоқары лаўазымларда иследи, сонын ала педагогикалық институтта ҳәм университетте сиясий экономия кафедрасын басқарды, илимий дәрежеге еристи. Ал, Шәрибай Ембергенов (жийен)

районлық көлемдеги бир қатар жоқары хызметлерди атқарды. Ал, жийеним Жолдас Өсеров болса Қоңырат районындағы ең алдыңғы фермер хожалығын басқарады.

Келешекте урпақларымыздан үмитимиз үлкен. Бас аман, елимиз тыныш болса болғаны!

20-март 2016-жыл.

## ТӘҒДИР СОҚПАҚЛАРЫ ЯМАСА ӨЗИМ ҲАҚҚЫНДА БИЛГЕНЛЕРИМ

Әдетте өзиң ҳаққында өзгелер көбирек билетуғын сияқлыдай. Өйткени, олар тәнҳа өзиңе мақул болған айырым пикирлериңди бир пулға да шығарыўы тақыйық, ал керисинше өзиңе унамаған ислериңди таптырмайтуғын үлги сыпатында тәрийплеўден де қайтпайды. Әлбетте, булардың қай бири дурыс, кесип айтыў қыйын. Деген менен де, «қаншелли көп билсең де көптен артық билмейсең» деген қанаатлы сөзде қалайда жан барға усаған.

Солай етип, өзиме келсем: мен 1944-жылы 5-февральда, яғный мусылманша маймыл жылына тийисли дәлиў айында Қоңырат районы аймағы Киет аўылындағы «қытай дийўалындай соқпа жайда» дүньяға келгенге усайман. Мениң атам Сапарнияз бий төрт төбе Қоңыраттың бир төбесине бийлик еткен, шынжырма-шынжыр бийлердиң ең соңғысы болып, оның 1930-жылы январьда репрессия қурбанына айланганлығы ҳаққындағы мағлыўматлар тарийхый дереклерде тастыйықланған.

Бийдиң тоқалынан туўылған болажақ әкемиз Ерназар анасы Збира ҳәм үлкен ҳаялынан туўылған жигит ағасы Мәтнияз (таршек), жеңгеси Сара менен биргеликте бир ақшамда қашып шығып Түркменстанның Гөне Үргениш қаласынан бир-ақ шыққан. Соннан бас саўғалап түркменлер арасында жасаған ҳәм елге 1935-жылы ғана қайта оралған екен. Колхозға ағза болып кирген. Солай етип, 1942-жылы 32

жасында Еркин елатындағы Алламурат палўан деп ат көтерген кисиниң Қырмандәлидей 20 жасар Бийбисара исмли қызына тәўекел етип бас қосқан. Әкемиз орта бойлы адам болғанлықтан анамыздың ийнине зорға келетуғын еди. Солай да болса, екеўиниң аўызбиршилигиниң жемиси сыпатында биз дүньяға келген екенбиз. Әттең, туўған анамыздың баўырында қырық күн де жасай алмай-ақ бизди бийперзент жүрген жигит ағасына, анығырағы Сара исмли жеңгесиниң етегине салып пәтиясын алған. Бизден кейин тағы да бир қызлы болады. «Баланы ретлестириў» дегенди анамыз ойлап тапқан сыяқлыдай, соннан қайтып туўмаған. Еки шаңарақтың арасындағы туңғыш перзент болғанлықтан сақлап алған атамыз Мәтнияз ырым етип бизге Көбейсин деген исимди таңлаған екен. Ал, сақлап алған анамыздың меҳириниң бәлент болғаны соншелли, көр емшегинен сүт шығып қоя берипти, тилекке қарсы биз оған оншелли қанаатлана қоймаған екенбиз. Нәтийжеде, бир емес бир неше аналарды қоса емиў бахтына миясар болғанбыз. «Жақсы бузаў еки сыйырды да емеди» деген мақал итимал бизден кейин ойлап табылған болса да тәәжип емес. Тилекке қарсы, Мәтнияз атамыз бизиң қызығымызды көре алмай-ақ 1945-жылы мен бир ярым жасымда дүньядан өтип кеткен. Илайым, рууҳы шад бола берсин!

Мен есимди билгенге шекем жасаған Қоңырат қаласының арқа тәрепиндеги «қыслаў» деп аталмыш «Ашамайлы» аўылында өткен мәўритимниң бирең-сараңы ғана ядымда қалған. Жүўери писикте сақпан ҳәм палақпан атып ғарғаларды үркитип атырған адамлар, бир тал ғана бийдайды жулғаным ушын орақтың ушы менен басымды шуқып «жазалаған» қоңсы қыз, әсиресе 1949-жылдың бәҳәринде ме еди, басып киятырған тасқыннан қашып жақын жердеги төбешикке шығып жан сақлағанымыз, ал кейин ала кеме менен Кийетке көширип алып кеткенлерин елес-елес билемен.

1949-жылдың жазында ауылымыз бенен ҳәзирги Қанлыкөл районындағы «Бескөпир» фермер хожалығы аймағындағы «Өлдәрья»ның етегин жағалай қоныс басып, төледе қыслап шыққан едик. Есимде қалғаны қалың дүт тоғай, шатлық еди. Аңның көплиги соншелли, дузақ ол жақта турсын, ҳәттеки әкемиз Ерназардың балта менен қоян урып алып келгенин жақсы еслеймен.

1950-жылы бәҳәрде «Ашамайлы»лар жаңа «Ашамайлы» ауылына тийкар салды. Мектеп қурылысы басланды. 1951-жылы сол ауылдағы Усман Юсупов атындағы баслауыш мектепке оқыўға түстим. Бизлердиң муғаллимимиз толық емес орта мағлыўматқа ийе, урыс қатнасыўшысы Жолдас аға Хожамуратов деген инсан еди. Ол мениң балалық қәлбимде «Дүйсен муғаллим» болып мөҳирленип қалды, сонлықтан шығар, мен өз шығармаларымда бул устазды бирнеше рет тилге алғанман.

Расын айтыўым керек, бүтинлигинде бизди көпшилик таныс-билислер «мақсым» сыпатында тилге тийек етеди. Минезимиз де соған таққаббил шығар. Ал, тийкарында мен балалық пайытларымда еки шаңарақтың еркеси болғандики ме, кеўлиме не келсе соны ислеп жүргенмен. Қудайдан жасырмағанды бендеден жасырып не қылайын?! Қаўын урлық, ерик бағқа түсиў, пүтин затты бүлдириў, ҳәттеки еки рет ықласымды өзиме тартқан айырым буйымларды (жездемниң авторучкасы менен саатын) қағындырып кетиўден де таймағанман. Усындай жаман иллетлерден 12 жасқа шыққанда барып қутылғанман. «Бир ат көтерсең» қыйын екен, басқа бир жалатайлардың ислеген турпайы ислери де көп ўақытқа шекем мениң атыма өтип жүрген гезлери де аз болған жоқ. Буннан қатты ғәзебим қайнайтуғын еди. Еле есимде, 15-16 жаслар шамасында қоңсылас «Терекли ауыл»да туратуғын кассирден айлықты алып қайтыўға жиберди. Сонда маған кассир: «Ж» исмли ағай 30 сомды кем берипти. Оны үйге келип билдик. Әкем барып бул мәселени

қозғағанда «Мен дурыслап берип жибердим, баланңның өзи урлап қалған шығар» деп суў жуқтырмапты. Ҳақыйқатында мен бир тийинди де өзлестирмеген едим. Бәлким, бул жалған айтыўшыларға деген балалықтағы жек көриўшилик сезимлеримнин туңғыш ояныўы болған шығар?! Ким билсин!

Барып-барып ҳәттеки жолда жатырған буйымға да қайырылып қарамайтуғын әдепли балаға айландым. Қайсы бир сәркардалардың жаслығында геллекесер, қарақшы, ат урысы болғанларын оқысам, бул да бир тәбийий жаратылыс па деп те ойлап қаламан. Биз кәмийне, я сәркарда, я көсем бола алмасақ та қәлбимиздеги илаҳий энергия толып-тасып ақыры шайырлық ҳәм жазыўшылық ийримине қарай тартты. Ақыры, бул да пирли, анығырағы «әрўақлы» кәсип екенлигин есапқа алғанда, бизиң балалықтағы «толып-тасыўларымыз» кеширимлидей бир қубылыс сыяқлы.

1956-1958-жыллары ҳәзирги «Хорезм» фермер хожалығы аймағындағы 7 жыллық мектепти адақлап, «Бескөпир»деги (Арзымбетқумда) он жыллық мектепте билим алыўды даўам еттик, дос-яранлар арттырдық.

Мениң үй архивимде 1957-1958-жыллары жазылған туңғыш қосықлар дәптерим сақлаўлы. Ондағы қосықлардың тийкарғы бағдары ашықлық емес, керисинше қызлардағы айырым унамсыз минезлерди сынға алған екенмен. Бәлким, бул сатира жанрына болған дәслепки ықласым шығар?! Ал, соңын ала бир қатар сиясий, граждანлық бағдардағы қосықлар шатпақлап, мектеп дийўалы газетасында шығарып турдым. Сол жыллары талантлы шайыр, марҳум Караматдин Торешов, салының «Нөкис-2» жаңа сортына тийкар салған селекцияшы алым, марҳум Тилеўмурат Бабаниязов пенен бир класста, ал алым ҳәм шайыр Жалғас Хошниязов пенен бир мектепте қатар оқыған едик.

«Ашамайлы» аўылындағы балалық жылларымды еслесем, ерксиз есиме жыраў-бақсы айттырылған тойлар, оларда жырлаған Есемурат жыраў, баласы Әжимурат жыраў,

Жақсылық жыраў, Жаңабай бақсы, Теңел бақсы, Нарбай бақсы, палўанлардан Ораз палўан, Ғәний палўан, Оразбай палўан, Әдилбай масқарапазлар еркси͏з көз алдыма келеди. Ат арба, ешек арбада алып келинген келиншеклер, беташар дәстүрлери өз алдына бир экзотика еди... Бәлким, көп жыллардан кейин болса да халық аўызеки әдебиятына болған балалық ықласым буннан бул жағында әдебиятқа, әдебият илимине араласып кетиўиме түртки болған болса керек-аў!

1961-жылы орта мектепти питкердик, сол жыллардағы тәртип бойынша еки жыллық мийнет стажына ийе болыўымыз талап етилетуғын еди. Усы мақсетте бир топар класслаcлар Хожели қаласындағы Аўыл хожалығын механизациялаў училищесине оқыўға түстик. Бул жерде 11 ай оқып техниканың тилин үйрендик. Ҳәттеки, бир ай даўамында Шоманайда болып, бәҳәрги сүримге де өз үлесимди қосқанман.

1962-жылы жазда Нөкиске оқыўға ҳүжжет тапсырдым. Сол жылы август айында «Жеткиншек» газетасында мениң «Бирлеў» атамасындағы туңғыш гүрриңим жәрияланды. Бул мениң әдебият әлемине қойған дәслепки қәдемим болды десем жаңылыспайман. Қулласы, институттың тарийх-филология факультетине кирип оқыў бахтына миясар болдық. «Илим — шексиз мухит» дегендей-ақ, қаншадан-қанша устазлар тәлим берди, тәрбия берди. Керек жеринде қоллап-қуўатлады. Сол жыллардағы институттың органы болған газетада туңғыш қосықларым сүўретим менен қоса шықты. Усыннан кейин газетаның белсенди авторларының бирине айландым, ең дәслепки новеллаларым жәрияланды...

Студентлик жыллары Қурбанбай Өмиров (мархум) екеўимиз курсымыздағы жигитлердиң ең жасы болғанлықтан ба, ҳәттеки қызлардың да еркетайына айланып кеттик. Себеби, бизлер менен оқыған жигитлердиң барлығы дерлик әскерий хызметти тамамлап келген ересек жигитлер еди. Пахта терими, салы орағы ҳәм басқа да жумысларға белсене

қатнастық. Булар ҳаққында жаза берсек бир китап болары сөзсиз. Қулласы, 1967-жылы диплом алыўға еристик.

Студентлик жыллардың және бир өзгешелиги — жаслық, жигитлик мәўритлери менен байланыслы болғанлықтан «ашықлық ҳәсери»ниң әйне мәўиж урған шағы еди. Алыс ҳәм жақындағы қызлар менен танысыў, кино-театрларға барыў, хат алысыў ҳәр кимниң басында бар болған саўдалар. Мениңше, бул жеңилтекликтен емес, ал гүллердиң арасынан ең ағласын таңлағандай бир гәп...

Солардың бири 48 жылдан аслам бирге жасаған, турмыстың ашшы-душшысын тендей татысқан, өмиримниң даўамшыларын дүньяға келтирген ең әзийз инсанлардың бири зайыбым Орал Мадрейим қызы. Ол мениң жерлесим болса да, кейин ала таныстым. Оған да балалықтағы ең жақын достымның бири Нурылланың анасы себепши болды. (Жиғит ағасының қызы еди). Бизлердиң қосылыў тойымыз 1968-жылы 31-январьдың қақаман суўығында болып өтти. Мениң Қарақалпақ мәмлекетлик Үлкетаныў музейине жумысқа өтиўиме байланыслы сол жылдың бәҳәринде Нөкис қаласына көшип келип, кирейде турдық. Шаңарағымызда үш ғана жан бар. Бир қыста үш жерге қоныс аўдардық. 1969-жылдың бәҳәринде кәсиплес достым Темирбайдың мирәти менен плансыз болса да жаңа имаратқа қол урдық. «Қолды қол жуўады» дегендей, жалғыз баслы еки дос алма-гезек жәрдемлесип еки бөлмеден жай тиклеген болдық, соң үш бөлме, соң... қулласы, гербиш өриўши, сыбаўшы, поллаўшы, ҳәттеки контрамарка пешти де салатуғын устаға айландым. Өзинде ықлас болса болғаны екен. Кейин ала усы кәсиплердиң анаў ямаса мынаў түри менен яр дослардың кеўлин алдым, азы-кем шайпулы да таптық. Қулласы, кем болмадық. Ал, аспазлық, қассапшылық өнерлерин ийелеўим де зыянлы бола қоймады. Бир жақсы жери, өзим нени үйренген болсам перзентлериме де соны үйреттим, ҳәттеки

олардың айырымлары меннен де уқыплырақ болып шықты. Қудайға шүкир!

Солай етип, жаңа қоныс бизиң ушын жайлы болды. Өнип-өстик, бүгинлиги бес перзент, он бес ақлығым бар. Артық аспай дүнья жыйнамасақ та татыў ҳәм саў-саламат жасаў бахтына миясар болған инсанлардың қатарындамыз. Соны да айтыўым керек, зайыбым орта мағлыўматлы болыўына қарамастан әшаддий әдебият ышқыпазы да! Ол мениң биринши оқыўшым ҳәм сыншым.

1973-1985 жыллары Өзбекистан Илимлер Академиясы Қарақалпақстан бөлиминиң Н.Дәўқараев атындағы тарийх, тил ҳәм әдебият илим-изертлеў институтында илимий жумыслар менен шуғылландым. Олардың ең баслысы, Қарақалпақ фольклорының 20 томлығын баспаға таярлаў процеси менен байланыслы. Бул дәўирлерде әдебий шығармалар жазыўдан әдеўир қашықластым. Ал, 1986-жылдың январынан баслап «Қарақалпақстан» баспасына келиўим мениң бул тараўға белсене қатнасыўыма үлкен түртки болды. Марҳум устазымыз Шаўдырбай Сейитовтың мәсләҳәтлеринен нәр алып әдебият әлемине пүткиллей сүңгип кеттик. «Босаға»дан басланған қәдем «Музалар дүньясы»на барып ушласты. «Жақсылық ҳәм жаманлық ҳаққында ертек», «Кешки саат алтыдан кейин», «Сақал» сатиралық топламы, «Еситпеген елде көп», «Адақ қаласын излеп», «Тымсаллар» сыяқлы китапларым жарық көрди. Әлбетте, бул топламларға кирген шығармалардың бири жоқары болса, бири орташа дәрежеде болыўы да тәбийий.

Өзбекистан ҳәм Қарақалпақстан Жазыўшылар Аўқамының ағзалығына өттик, сондай-ақ илим тараўындағы ислеген мийнетлеримиз де босқа кетпеди, Бердақ атындағы мәмлекетлик сыйлыққа миясар болдық. Журналистика тараўында да әдеўир табысларға еристик. Жүзлеп мақалалар жәриялаладық, конкурсларға қатнасып сыйлық та алдық. Мениң өмирим ҳәм дөретиўшилик мийнетлерим жөнинде 60

жасқа толыў мүнәсибети менен жәрияланған ҳәм басқа да мақалаларда, қалаберди шығармаларымда «Кеўил географиямның» анаў ямаса мынаў меридианлары ашып берилген. Сонлықтан да, оларды қайталап отырыўды мақул көрмей отырман.

Айтпақшы, мениң жеке минезиме келетуғын болсақ, мақсымдай мүлайымлығым, тил алғышлығым — әкеме, ара-тура елириңкиреп сөйлейтуғыным — анама тартқан, ал адамлар менен тил тапқышлығым ҳәм пуқталығым сақлап алған анама дәл усап кетеди. Демек, пәжмүрде ғана бойымда еки адамның қаны, үш адамның тәрбиясы өз жәмлениўин тапқан. Бәлким, ара-тура бийлик айтып, төрешилик етиўим, итимал ата-бабаларымнан қалған нәсиллик психологиясының тәсиринен болса керек-аў!

Сондай-ақ, бизди дүньяға келтирген ҳәм адам қатарына қосқан ең әзийз инсанларды және бир рет тилге алмасақ, олардың руўхы бизден қапа болатуғынлығы турған гәп. Солай етип, 1974-жылы сақлап алған анамыз Сара кемпир дүньядан өткеннен кейин өз әке-шешемди қолыма алдым. Әкемиз Ерназар молла 1980-жылы 70 жасында қазаланды, ал анамыз Бийбисара 1994-жылы 72 жасында қайтыс болды. Екеўи де Сәлмен ийшан қойымшылығына жерленди. Өзимнен де көбирек ақлықларының оларды тез-тез зыяратлап туратуғынлығын жақсы қәсийет деп билемен.

... Улыўма өмирден көп нәрселерди үйрендим. Ҳадал мийнет етсең, жаман иллетлерден аўлақ жүрсең, қалайда жаман бола қоймайды екенсең. Ең болмағанда ҳүжданың таза болады, табылған жарманды емин-еркин, ҳешкимнен қорықпастан ишиўиңе имканият туўылады. Қулласы, «Бас аман болса телпек табылады»! Бул мениң өмирден уғынған әпиўайы философиям!

2004-2016.ж.

# БИЗ СҮЙЕНГЕН БАЙТЕРЕКЛЕР

Ҳәр бир перзенттиң әдеп-икрамлы, жақсы инсан болып тәрбияланыўында ата-ананың үлеси биринши дәрежели болса да, ал белгили бир кәсипти ийелеўде, сол арқалы ҳүрметке ерисиўинде устазлардың да роли оғада зәрүрли.

Инсан қаншелли қәбилетли болмасын оған итибар ҳәм дурыслы бағдар берилмесе көзге түсиўи, өз кәсибиниң маманы болыўы оғада қыйыншылық пенен кешеди. Ҳәттеки таланты да сөнип қалыўы итималдан қашық емес.

Айтпақшы болғаным, мен жаслайымнан әдебиятқа ықлас қойғанман. Том-том китапларды талай рет шыраның жақтысында таңға шекем оқып шыққанман. Бул ықлас бизди 1962-жылы Қарақалпақ мәмлекетлик педагогикалық институтына алып келди. Сол жылларда институттың сиясий экономия кафедрасының баслығы, белгили сиясий ғайраткер ҳәм алым Асқар Тәжимуратов (1914-1983) деген аталас ағайинимиз бар еди. Соның ағасының үйинде болдым. Ҳүжжетлеримди тарийх, тил-әдебият факультетине тапсырдым. Тилден ҳәм әдебият пәнинен 4 ке, тарийхтан 3 ке өттим, ал рус тили диктантынан жығылдым. Ағамыз қәтере салып 3 ке өзгертип берди. Себеби соған шекем-ақ мениң «Бирлеў» деген гүрриңимди оқып көрип «Жеткиншек»те шығартып берген еди. Демек, бизден нәтийже шығатуғынлығына исенген болса керек. Қулласы, 3 оқыўшы «резерв» болып кирдик. Ярым жыллық имтиханларды өз күшим менен жоқары баҳаларға тапсырдым.

Студентлик жылларымда басылымларға тез-тез шығып турдым. 1967-жылы институтты табыслы тамамладым. Аўылға жолламa алдым. Сонда Асқар аға былай деген еди: «Көп болса мениң қәтерем менен ары барса мектеп директоры боларсаң. Талантың бар екен, Нөкисте қал» деген еди. Усы сөз қамшы болды да 1967-жылдан баслап нөкисли болып

шыға келдик. Бул инсан мениң биринши сүйенген байтерегим еди, илайым руўхлары шад болсын.

Бул байтереклердиң екиншиси — профессор Қабыл Мақсетов (1929-2002) болды. Ол мени илимпаз болыўға ийтермеледи. 1973-1985 жыллары Академияның Қарақалпақстан бөлиминде Қарақалпақ фольклоры секторында исследим. Алым сыпатында азлы-көпли үлесимди қостым. Бердақ атындағы мәмлекетлик сыйлықтың лауреаты атағын алдық. Устаздың руўхлары шад болсын.

1986-жылы январьда қоярда коймай жазыўшы Шаўдырбай Сейтов (1937-1996) баспаға шақырды. Бул мениң үшинши байтерегим болған есабы. Сол манда бираз китапларымыз жарық көрди. Пүткиллей өзимизди әдебиятқа бағышладық, руўхлары шад болсын.

Бүгинлиги өзимизде устаз дәрежесине жеткен есабымыз. Бизде қолдан келгенше өзгелерге жәрдем берип, қуўатлап турдық. Егерде сол устазларымның қоллап-қуўатлаўлары болмағанда бәлким, Көбейсин Ерназаровты ҳеш кимде танымаған болар еди. Мен сол устазларға өлгенимше миннетдарман. Оларға елеге шекем қуран шығартып, ҳаққына дуўа оқытып тураман. Ал, Ш.Сейтовтың қәбири басына 5 жылдан соң түсиме енип, дерлик өз есабымнан темирден жай қойдым. Ол кисиге мүнәсип болмаса да руўхларын шад еттим деп ойлайман.

Бул устазларым ҳаққында «Жеткиншек», «Қарақалпақстан жаслары», «Устаз жолы», «Вести Каракалпакстана», «Еркин Қарақалпақстан» газеталарында қызықлы еске түсириўлер жазғанман. Руўхлары ҳәмийше мәдәткар болсын. Аўмийин!

25-февраль 2016-жыл.

## ӨМИРИМНИҢ МАЗМУНЫ

Анам байғус «Қаны ашшы ҳәм душшы адамлар болады. Мийнетсиз табылған байлық душшы тайпадағыларға жуға бермейди. Бир еселеп кирген кирис еки, үш есе шығасыға да себепши болады. Бизлердиң де қанымыз душшы. Буны ҳеш қашан есиңнен шығара гөрме, қулыным» деп нәсиятлай беретуғын еди. Жаслық шақларымда бул гәплердиң төркинине оншелли мәни де бере бермейтуғын едик. Ал, студентлик жылларда болса «бизиң бала оқыған сайын кәпир ашады» дегендей қып-қызыл «атеист» болып шыға келдик. Талай сапар «Қарақалпақ ырым етеди, ырымы қырын кетеди» деп нақыллап анамның кеўлине тийип алған ўақытларым да аз болған жоқ. Ҳақыйқатында да, анамның айтқан гәплеринде жан болып шықты...

## СЫНҒАН БАДИЯЛАР

1967-жылы Нөкис Мәмлекетлик педагогикалық институтының қарақалпақ тили, әдебияты ҳәм тарийх факультетин табыслы тамамлап өз мийнет жолымды басладым. 1969-жылы Республикалық Үлке таныў музейинде киши илимий хызметкерден фонд баслығы ўазыйпасына өткерилдим. Экспонатларды қабыл етиў жумысына киристик. Жуўмағында комиссия ағзалары айырым буйымлардың музейлик қуны болмағаны ушын есаптан шығарыў бойынша акт дүзди. Солардың қатарында онлаған тас бадиялар да бар еди. Музей директоры Шерип Бабашов солардың ушеўин таза шаңарақ есабында бизге «саўға» етиўге уйғарды. Нағыслары көздиң жаўын алып тур. Қуўана-қуўана үйге алып келдим. Ҳәзиргидей буфет я шифонеримиз жоқ. Төсек жыйнайтуғын

жалғыз сандық (сабаяқ) бар. Бадияларды оның ишине емес, ал астына тығып қойдым. Шамасы, көп күн өткен жоқ. Ең үстине жыйналған дастықты алмақшы болдым. Қолым жетпегенликтен бир секирген едим, алыўын алдым да бирақ аяғым сабаяқтың астына кирип кетип бадияларды басып алдым. Қарасам саўы қалмапты. Бәрининң де ернеклери ушып кетипти, бир пайдаланбай ақ таслаўға туўра келди.

## «КАРТА ПУРЫШ»ТЫҢ ПУЛЫ

Бул ўақыяға да бираз жыллар болып өтти. Жеримниң аяқ ушынан салынған бир бөлмели жайда (кишкене дәлизи де бар еди) жалғыз баслы бир жигит кирейде турды. Түсирими де жаман емес. Сонлықтан шығар «үлпетлери» менен тез-тез жыйланысып «шағал мәслик» қурады, пул тигип карта ойнайды.

Күнлерден бир күни азанда есигиниң алдынан 5 сомлық таўып алдым. Беремимди де, бермесимди де билмей екиленип қалдым. Кимнен түсип қалғаны биймәлим болса?! Қулласы, дүньяпаразлығым үстем келип қалтаға урдым.

Бир қызығы тап сол күни түстен кейин ҳаялым да 60 сомлық айлығын алып келди. Санап көрсек исениң я исенбең 5 сомы кем берилген болып шықты. Екеўмиз де ҳайран қалдық.

## КӨШЕДЕН ТАБЫЛҒАН ШЫЖЛАН

Қыс паслы еди. Базардан қайтқан зайыбымыз екеўимиз пайтахтымыздағы Төрткүл бас көшесин өрлеп жағалап киятырмыз. «Айланба»дан өте бергендеги (ҳәзирги Ташкент мийманханасы жанындағы) бәндиргиде көзим жерде жатқан моншақлы шыжланға түсти. Алып қарасам ишинде ирили-

майдалы 10 сомдай ақша бар екен. Мусылманшылықтың тәртиби бойынша үш рет қышқырыўым керек еди. Бирақта «лепси» қурғыр үстем келди де, қойын қалтаға сүңгитип жибердик. Шамасы, арадан көп күн өте қоймады. Жумыстан кешлеў шығып ҳәзирги Орайлық банктиң тусындағы бәндиргиге барып турдым. Ол жерде адам жоқтай ақ еди. Автобус келгенде қайдан тап болғанын билмеймен алдыңғы есикке мениң менен қосыла еки жигит те сүңгип кирди ҳәм қайта түсип қалды. Автобус жүрип кетти. Қалтама қол салсам бар бисатымдағы ғана 10 сомлық ақшам жоқ болып шықты. Мәлим болыўынша жаңағы урылар еки жақлап қысып пальтонымның етегин көтере сала шалбарға қол урған екен ғой!

... Ҳәттеки, баспада ислеген 1986-1996-жылларда тапқан «пайдам» жуқпай «шайылып» кете берген жағдайлары көп болды.

Әлбетте, кимдур биреўлер буны «кийиктиң қасыныўына мылтықтың атылыўы» туўра келгендей бир гәп» деп, «тосыннанлық» категориясына да жорый баслады. Дәслебинде мен де солайынша түсиндим. Бирақ усындай жағымсыз қубылыслар ҳәм жагдайлар мениң тәғдиримде жетеўге жеткеннен кейин ойлана басладым. Өйткени, ең соңғы «пайда»ның нәтийжеси кенапаттай ылағымыздың ийтлерге таланып, ҳарамга шығыўы менен жуўмақланған еди. Илайым, өлгени мал болсын! Сол-сол екен, жолшыбай табылған буйымнан, мийнетим сиңбеген ақшадан қорқаман. Бүгинлиги қанымның душшы екенлигине зәрре гүманым қалмады.

Турмыста ҳәр нәрсе болыўы мүмкин. Набада, бүгинги базар қатнасықлары дәўиринде пайда шерикликке дус келип қалған жағдайларда дәлдалшылықтан тапқан табыстың бир бөлегин ғәрип-қәсерлерге үлестиремен. Ҳәттеки, ара-арасында мийнетли пулымнан да «үсир» шығарып тураман. Мине усыннан кейин ғана өзимди қустай жеңил сезе баслайман.

RESPUBLIKALI'Q
MA'LIMLEME-RESURSLI'Q
WORAYI'

Қулласы, мениң ушын денсаўлық, бала-шағамның аманлығы, шаңарағымның татыўлығы ҳәмде елимниң тынышлығынан артық үлкен байлық жоқ. Қудайға шүкир, бул мениң өмиримниң мазмунына айланып кеткен!

«Еркин Қарақалпақстан» газетасы 14-апрель 2007-жыл

## ЫШҚЫ-МУҲАББАТ САЎДАСЫ

*(«Омир философиясы» дәптеринен)*

Ышқы-муҳаббат саўдасы — инсанияттың, оның өнип-өсиўиниң басламасы ғана емес, ал өмиримиздиң мазмуны да. Дурыс, жупласыў, нәсил қалдырыў барлық тиришилик әлемине тән қубылыс. Деген менен де, бул мәселеге саналы қатнаста болыўда адамзат барлығынан да үстин турады.

## МУҲАББАТ — УНАП ҚАЛЫЎДАН БАСЛАНАДЫ

Ышқы сезимлериниң дәслепки көринислери балалықтан басланып, өл орташа 12-14 жасларға туўра келеди. Еки түрли жынысқа ийе болған тәрептиң бир бирине унап қалыўы көпшилик жағдайда минез-қулқының мақул келиўи, көз тартарлық шырайлылығы, әдеби ҳәм басқа да сүйкимли қәсийетлери менен де байланыслы болыўы мүмкин. Тилекке қарсы, буның барлығы да ҳақыйқый муҳаббатқа айлана бермейди. Өйткени, есейген сайын жас өспиримниң минез-қулқының өзгерип, жаңа эстетикалық талғамларды пайда етиўи ашық-машықлардың бири-бири менен суўысып кетиў итималлығын да келтирип шығарады. Оған бир қатар ишки ҳәм сыртқы факторлар да себепши болыўы сөзсиз.

Тарийхый дереклерге жүгинсек, өтмиште перзентлериниң тәғдирин шешиў ата-аналардың қолында болған. Ҳәттеки, еле дүньяға келмеген нәрестелерди де өз билдигинше атастырып, ақлай қудалыққа нан сындырысқан. Буны «Алпамыс», «Ғәрип

ашық» дәстанларының мысалында да көремиз. Сондай-ақ, атастырыўдың «қулақ тислетиў» дәстүрлери де узақ даўам етип келген.

Еле кешегидей есимде, 1951-жылы мен 7-8 жаслар шамасындағы бала едим. Маған басқа аўылда туратуғын 5-6 жаслардағы калемниң қызын атастырды. Аралық 20 шақырымдай. Қыдырып бардық. Дәстүр бойынша қыздың қулағын тислеўим шәрт екен. Бир мәҳәли ойнап жүрген екеўмизди де шақырып алды. Анам маған қарата «Бүгиннен баслап Бағдаш (толық аты Бағдагүл) сениң қалыңлығың болады» деди. Мен көрсетпе бойынша қыздың сырғалығынан әсте ғана тислеп алдым. Қыз «ўаҳ» деди де далаға қарай қашыў менен болды. Сол-сол екен, оған деген қандайда бир ықлас сезимлери ояна баслады. Ҳәр жылы жазғы демалыста сол аўылға қыдырып келип, оның менен бирге ойнайтуғын едим. Көз қарасы да жақсы болды...

Жыллар жылжып өтпекте еди. Есейген сайын «қалыңлығым» бойға тартып шырайланып кетти. Биракта мәмилесинде өзгерислер жүз бере баслады, негедур өзин меннен алып қаша берди. Күнлерден бир күни бизден көре ересеклеў бир жигит пенен бериле сөйлесип турғанын көрип қалдым. Усындай ушырасыў бир неше рет қайталанды. Сорастырып қарасам студент екен. Барған сайын қәлбимде қызғаныштан көре ренжиў сезимлери ҳүким сүрди.

1961-жылы мектепти тамамлап Нөкиске оқыўға кеттим. Хат жазып турдым. Бирақ, бирде биреўине «аўа», ямаса «яқ» деген жуўапты ала алмадым. Кейин «ала жипти» пүткиллей үздим. Еки жылдан кейин қыз да Ташкентке оқыўға түсип, сол кеткеннен елге де қайтып оралмады. Еситиўимше қырғызстанлы бир жигит пенен турмыс қурып Ош қаласынан шығыпты. Қайда болсада илайым, аман болсын.

Мен бир нәрсени ашық тән алыўым керек, ол мениң хакыйқый туңғыш муҳаббатым бола алмаса да балалықтағы ышқы сезимлериниң туңғыш қарлығашы еди. Сонлықтан

шығар, елеге шекем қәлбимниң қайсы бир мүйешинде бир дана қал болып мөҳирленип қалғандай. Бәлким, усы бир жағымсыз қубылыслар мениң психологиямды да түп тийкарынан өзгертип жиберген болса керек, өйткени, жигитлик жылларымда қызларға «өлемата» ашық болып жасаўдай бахыт несип ете қоймады. Қала берди, ушқалақ та болмадым. Бизге де несип еткени бар екен, қоңсы аўылдағы қызлардың биреўин унатып қалып айттырып алдық. Тойымыз 1968-жылдың 31-январь сәнесинде, әйне қыстың қақаман сууығында болды. Шаңарағымыз сол жылы март айында Қоңыраттан Нөкис қаласына көшип өтти. Егер де, «зайыбына барынша садық болып жасаған ер жигит екеў болса биреўи өзиммен» деп айтсам асыра мақтанған болмайман. Қудайға шүкир, усы ўақытқа шекем татыў жасадық. Көз тиймесин, ҳәзир 5 перзент, 15 ақлығымыз бар. Олар мениң өмиримниң жалғасы. Бар тилегим аманлық, саўлық, татыўлық, елге тынышлық.

## ЫШҚЫ МӘМЕЛЕГИ

Көпшиликке мәлим болғанындай ақ, инсан баласы 16-18 жасларында ышқы мәмелеғине дуўшар болады. Оны халық тилинде «әсер-мәсер» деп те атайды. Усындай ҳалатларда оларға ойланбастан берилген соққы, қарсылық аўыр ақыбетлерге де алып барыўы итимал. Сонлықтан да, медицина илиминиң атасы болған Абу Али Ибн Сина өз трактатларында бул қубылысты «ышқы кеселлиги» сыпатында тәриплеген. Оның бирден бир жолы ашық-машықларды қосыў, егер де имканияты болмастай жағдайларда түсиндириў жолы менен сууытыў илажларын қолланыўды усыныс еткен.

Соны да айтып өтиў керек, «делбелерше» сүйип қалыў, ямаса «көзсиз гүбелек» болыў сол тайпадағылардың барлығына да бирдей «өмирлик саўда» болып қалмаўы

мүмкин. Буған турмыстың ҳәр қыйлы соққыларынан тысқары, қайсы бир тәрептиң еркиниң ҳәм муҳаббатының әзелий күшли емеслигинен де дерек береди. Егерде ҳәр еки тәрептиң ықласы теңдей болса, ерки күшли болса ҳәр қандай шараятта да бири-биринен безип кетиў, тойысыў жағдайлары жүз бермеген болар еди. Қала берди, ышқы мәмелегиниң ийримине түспей ақ татыў жасап атырған шаңарақлар да қанша дейсиз. Бирақта, ҳақыйқатын айтқанда өмир бойы бири бирине ашық болып жасаўға не жетсин. Ақыры, «Оңысық басқа, ҳәз басқа» деген нақыл бийкарға айтылмаған болса керек.

Ышқы мәмелеги ересек адамларды да айландырыўы мүмкин бе? деген орынлы сораўдың қойылыўы тәбийий.

Инсан психологиясы, тәбияты оғада қурамалы ҳәм нәзик. Сонлықтан да, өмир бойы жети уйқылағанда түсине енбеген ўақыялардың да жүз берип турыўы итималдан қашық емес. Базда «терис қайтқан», «шайтан азғырған» сыяқлы жағымсыз сөзлерди де еситип қаламыз. Өйткени, жасы бираз жерге барып қалған абырайы бәлент, танымалы адамлардың да ышқы мәмелегине дусласып қалыў жағдайларына гүўа болғанбыз, көплеген әдебиятлардан оқығанбыз. Булар ҳақыйқатында да ышқы мәмелегине тап болғанлар ма, ямаса лепсине күши жетпегенлер ме? Буны қалай айырыўға болады?!

Абу Али Ибн Сина тәриплегендей-ақ, ҳақыйқый ышқы мәмелегине тап болғанларда — ышқы кеселиниң белгилери пайда болып азып-тозады, руўхы түсиңки ҳалатқа келип қалады. Ал, лепсиниң қулына айланган жалған «ашықлар» болса кеўлиндеги мақсетке ерисе алмаса екиншиси, ямаса үшиншиси менен ақ табысып кете береди. Бундай суйық аяқлар ҳәр еки жыныстағыларда да көплеп табылады.

Қалай дегенде де, жасы өтип кеткен адамлардың, биринши нәўбетте шаңарақ ийелериниң ышқы мәмелеги

дузағынан сақланғаны мақсетке муўапық. Бул ушын ҳәр бир егеде «ашық» өзиндеги пайда болып киятырған ышқы сезимлерин әзел бастан жылаўлап алыўға күш табыўы, бул ушын өз еркин шынықтырыўы, оған тәсир етиўши ҳәр қандай психологиялық факторлардан нәтийжели пайдаланыўға кеңес берген болар едик.

## МУҲАББАТ ҲӘМ ҚЫЗҒАНЫШ

Әлбетте, ышқы-муҳаббат саўдасында жақсы көриў менен бир қатарда өз сүйиклисине ямаса өз жуптысына болған қызғаныш сезимлериниң арпалысып жүриўи де тәбийий ҳалат. Атап айтқанда, қайсы бир тәрептиң басқа жыныстағы таныс-билимлери, қурбы-қурдаслары менен «ыржаңласып» сөйлесе бериўи, түрткилеп ойнаўы, сүйисип көрисиўи ҳәм басқа да унамсыз ис-ҳәрекетлери көпшилик жағдайда қызғаныш сезимлерин оятады.

Қызғаныш — бир жағынан өз-ара муҳаббаттың күшейиўине, қала берди ҳәр еки тәрептиң өзлерин беккем услап жүриўине, жыйнақлы болыўына, мәмиле қатнасында өзиниң орнын билиўи, түсинисип барыўына унамлы тәсирин де тийдириўи мүмкин.

Тилекке қарсы, егерде қызғаныш озиниң шегарасынан шығып, ол гүман менен ушласып кетсе — жаман ақыбетлерге де апарып соғыўы сөзсиз.

Солай екен, тәреплер ҳәр қандай қызғаныш сезимлерин жылаўлап, оны өз орнында пайдаланыўы мақсетке муўапық.

## МУҲАББАТҚА ҚЫЯНЕТ

Муҳаббатқа қыянет — биле тура, қасақана исленген қылмыстың бир түри болып, көбирек өз ҳүждана алдында ғана жууапкер. Ал, «Жигитшилик — ийтшилик» деген мақал тийкарынан бойдақларға ғана тийисли болса керек.

Халықтың тили менсн айтқанда «көзге шөп салыў», «опасызлық» етиўдиң төркининде бир неше себеплер де болыўы мүмкин. Бул жолға кирип кеткен ерли-зайыплылардың биринши тайпасы жаслығында ҳәр қыйлы себеплер менен бузылып кеткен, ушқалақ, жеңил тәбиятлы жанларға тән болып бул иллет шаңарақ қурғаннан кейин де даўам етип кете бериўи итимал. Олардың көпшилиги жаслайынан ишимлик ҳәм наркотик затларға ықлас қойғанлар болып табылады. Ал, қыянеттиң және бир түри «өш алыў» мақсетинде басланып, кейин ала улғайып кетиўи ақыбетинде шаңарақтың қулаўына шекем барып жеткенлигиниң гүўасы болғанбыз. Сондай-ақ, жупласыўдан қанаатланбағанлар, яғный қайсы бир тәрепиниң жапсақлы ямаса майып болып қалыўы жағдайларынан келип шығып, өз сезимлерин жылаўлай алмағанлықтан қыянет көшесине кирип қалыўшыларды үшинши тайпаға қосамыз.

Бизинше булардың басым көпшилиги дерлик ерки, руўхы күшли емес адамлардың арасынан шығады, десек жаңылысқан болмаймыз. Өйткени, 20-30 жасларында жесир қалып өз ерине болған ҳақыйқый ўападарлығын өле-өлгенинше сақлап, таза муҳаббатын өзи менен қоса алып кеткен ҳаялларды да билемиз. Олардың ҳәр бирине мүсин қойсаң арзыйды!

Жуўмақлап айтқанда ышқы-муҳаббат саўдасына ақыл бериў аңсат, бирақ басына түскенди көтериў, улығлаў, садық болыў ҳәр бир жыныстағы инсаннан үлкен мәртлик, пидайылық ҳәм сабырлылықты талап етеди. Оны ҳақыйқый ҳүжданлы ҳәм пәк кеўилли жанлар ғана әмелге асыра алады.

«Жипек жолы» 13-саны 2003-жыл

## МУҲАББАТ ҲӘМ ТУРМЫС ҲАҚҚЫНДА ОЙЛАР

(Үзинди)

### 1. Неге муҳаббат суўыйды?

— Биз, бир-биреўди жақсы көремиз, унатамыз, солай екен - неликтен тағыда ажырасамыз? Әлбетте, ҳеш қандай жумбағы жоқ. Барлық бәле өз-ара толық түсинисиўдиң жетиспегеннен келип шықса әжеп емес! ... Бирликтиң гилти - сабырлылық пенен ақыллылықта деп ойлайман. Мысалы, жаңа турмыс қура баслаған еки жастың тәжирийбесизлигинен түрлише қыйыншылықлар дуўшакерлесип, себебин бир-биринен көреди, айыпты бир-бирине төңкереди.

Ал, базда: машақаттан руўхы түскен ер, өз ашыўын көбирек ҳаялынан, ал зайыбы болса – еринен алып, «қумарын» тарқатпақшы болады. Усындай гезлерде, мүмкиншилигинше — жөнсизликке ўақытша көникпе берсе болғаны, өйткени, жәбир бериўши ақыллы адам болса сөзсиз «суўынғаннан» кейин өз қылмысларына жараса кеширим сорайды.

Сол ушында, бастан-ақ турмыстың ашшы-душшысына шыдай билиўге үйрениў керек, өйткени, турмыстың бузылып-дүзиле бериўи аңсат нәрсе емес!!!

### 2. Сениңше муҳаббат қызғынын ҳәм шаңарақ бирлигин турақлы сақлап қалыў мүмкин бе?

— Әлбетте, болыўы мүмкин! Тағы да қайталайман, турмыстың гилти — ақыллылықта, тапқырлықта, әсиресе, шыдамлылық пенен сабырлылықта деп ойлайман.... Солайда болса, тәрезиниң еки басының теңлиги сақланбағанша, өлшемдеги «ҳақыйкатлықтың» болмағанындай, турмыста да ерли-зайыплылардың барабарлығы болмаса бираз қыйыншылықларды бастан кешириўге туўра келеди. Усындайдан айтылса керек «Аржағында жоқтың бержағында жоқ», «Баланы жастан...» дегендей, турмысты да бастан, белгили бир бағдар-мақсет бойынша жүргизиў керек. Егерде, сизиң зайыбыңызда «көргенлилик» болса түбинде ол

жақсылықтан бас тартпайды. Ал, ақыл-ҳуштан «журдай» болса ше? О, қудай сакласын! Олардың текте оннан бири келе болады. Бул ўақытта сиз, дүньяда жүрип даңқ шығараман деп ойламай-ақ койыныз! Өйткени, ҳаял «Ақыллыны —ақмақ, ақмақты — ақыллыда» етип қойыуы мүмкин. Қысқасы, жастан (қосылыўдан) бир-биреўди ҳүрметлеўге үйретип барса, оншелли шеп болмайды.

«Ашық ҳәмме ўақытта өз машығының қәдир-қымбатын түсине билиўи, оны ҳүрметлеўге әдетлениўи тийис. Сондай-ақ, оны «заматлық» бир нәрсе емес, ал өз өмириниң айнымас шериклиси, қәўендери сыпатында қәдирлей билиў лазым! Мине, сонда ғана сиз ҳақыйқый адам бола аласыз! Сиз тек ғана мудамы ҳүрмет көрсетиў менен шеклене бермең, ретинде еткен ҳүрметиңизге ылайық - ҳүрметте талап етиңиз! Болмаса сизиң ҳүрметиңиз пайдасыз болады!»

### 3. Не ушын келинлер қәйин енеге өш?

— «Ийттиң жини — дийўана, келинниң жини — қәйнене»!... Мен усы бир мәтелди есиме түсирсем ериксиз күлкимде келеди, ашыўымда! Ҳайрансаң?! Неликтен келинлер қәйненеге өш?! Өзиңиз-ақ қудайлығыңызды ойлап көриңиз ши? Өмириңизде бир мәрте болса да өз қәйин енесин журт алдында мақтаған келиншекти көргениңиз барма?! Бирақ, булар жүздиң бири.

Мен келин менен қәйин ене ортасындағы келип шығатуғын наразлықты былайынша түсинемен: Қәйин ене — көпти көрген, көп жасаған, жаманда болса тәжирийбеси мол — уллы ана! Ал, келин болса жас, еле оның бойынан балалықтың есирме қыяллары кетип жоғалмаған, мың мақтаған менен де турмыслық түсиниги жеткиликсиз, өмирдиң ашшы-дushшысы таңлайында татымаған — былайша айтқанда, биринши рет қурық түсип атырған ғунанға усайды. Сонша ўақыт дүзде еркинше отлап жүрген ғунан — миниўге таярламақшы болған атбағардың ҳәмирине көнгиси келмейди. Бул бир тәрепи!

Екиншиден, келин келиўден-ақ турмыслық ҳәрекетлердиң ийримине қосылады. Өзи меңгериуи тийис. Көп ўақытларында, өз үйинен тәлимсиз келген (уқыпсыз) қыз бала, ҳә дегенде сиңисип кете алмайды. Бирин бузса, бирин дүзейди... Қулласы, қәйин ене өз кеўлинен ақлап шыға билмеген келинге унамсыз көзқарас пенен қарайды. Күйип кеткен болып қаргапта алыўы мүмкин. Бул ўақытта келинге жолдас тағыда — шыдамлылық! Зейинлилик! Дурыс, базыбир қәйин енелер «арбаның жүгин атқа артқысы» келеди. Келинин сабырлылық пенен «таярлаўға» төзимсизлик көрсетеди. Бул даўсыз, келинниң «тилин» шығарады. Тап усы ўақытларда жәрдемши ҳәм татыўластырыўшы тағыда ер киси — болыўы керек. Ол еки тәрепти де әдиллик пенен тынышландырып, татыўластырыўы тийис... Егерде анаңа болыссаң — зайыбынды, ҳаялынды қуўатласаң — ананды жәбирлейсең! Дурысы — әдиллик!

## ЕГЕР МЕНИ БИЛГИҢИЗ КЕЛСЕ...,
(Орал Мадрейим қызына хат)

### I

1. Өмир жасаў ушын берилгенин жақсы билемен. Сол ушында: өзимниң ойыма-ойы, ақылыма ақылы уласатуғын зейинли, кишипейил, ақ көкирек, әдепли қыз бенен бас қосыўды — бахыт деп санайман!

2. Мен — өз зайыбым менен мүмкиншилигинше иззет-ҳүрметте, татыў жасаўды қәлеймен. Егер миймандослығы басым болса уллы қуўаныш.

3. Мен — өз перзентлеримниң әдепли, икрамлы ҳәм мийнет сүйгиш ақыл ийеси болып ержетиўди ансайман!

4. Мен — жазыўшы ямаса илимпаз болып көзге түсиўди әрман етемен... Бирақ, бул иске асама - аспайма, оны келешек шешеди.

5. Арзыў-әрманларың қарсылықсыз иске аса берсе екен деймен?!

## II

1. Мен бүгинги күним емес, ал көбирек келешегим ҳаққында ой жуўыртыўды жақсы көремен.

2. Ең жақын досларым ҳәм таныcларым алдында мейлинше ашылысып сойлесиўди, сыр гизнемеўди унатаман.

3. Жақсылыққа жақсылық пенен, мүмкиншилигинше жаманлыққа да жақсылық пенен жуўап бериўди ең жақсы әдетлердиң бири деп есаплайман. Менде усыған сай ҳүрмет етким келеди, әттең жаманлыққа жақсылығым кемислеў сатылады.

4. Мен ҳәмме ўақытта берилген ўәдемниң үстинен шығыўға тырысаман... Еле бул бираз шийкилеў...

5. Мен ким көринген адам менен жадырап сөйлесиўди унатаман. «Танымайман» дегендей тымсырайып отырыў маған жат минез.

6. Мен үйимизге келген ҳәрқандай дәрежедеги мийманларды иззет пенен күтип алып, ҳүрмет пенен шығарып салыўды ең жақсы қәсийетлердиң бири сыпатында санайман.

7. Мен мудамы адамлардың туўысқанлығын емес, ал адамгершилигин ҳүрмет етким келеди.

8. Халықтың айтыўынша: «Жасы тең, бойы бирдей менен емес, ал, ойы бир ақылы барабар адамлар менен бас қосыў бахытлырақ».

9. Бул тилеклер менде иске асып киятырғандай көринеди!

## III

1. Өзимди көзимше мақтаған адамды жек көремен. Өйкени, басқалар алдында қысыныспаға түсемен.

2. Мениң қандай да бир айыбым ҳаққында кемшилигимди адамлар ортасында бетиме басса, қайталанбаўын ескертсе, ол киси мениң душпаным. Өйткени, журт алдында ақыл бериў — демек абыройсызландырыў!

3. Мен — өзимниң умытшақлығыма қатты өкинемен!

4. Ерли-зайыплар, сондай-ақ, ашық-машықлар менен ушырасып қалған ўақытларында жубайының (жигит я қыздың) мини ҳаққында басқылаўшыларды, ямаса қылмысына сай сөгис бериўшилерди жақтырмайман. Өйткени, усы бир нәзик ғана «ҳәзил» тыйыңы жигиттиң емес, ал шынында қыздың көкирегин барып тилимлейди, кеўлин қабартады. Сол ушында буған қарсыман, мейли соң жигитти — сойсын!

5. Мен өзимниң арзыр-арзымас табысларым ҳаққында басқалар ортасында мақтаныўды қәлемеймен. Бирақ, сырлас татыў досларым алдында айтып мардыйыўды онша шеп көрмеймен. Себеби, олар мениң кимлигиме қанықта!... Дурысы, булда жақсы қәсийет емес! Не шара!

6. Ойын бар, ойынныңда ойыны бар! Аса кеткен ойын мениң қатты зейиниме тийеди, жалығаман!

7. Базы биреўлер саған текте иси түскенде ғана «досласып», жәрдем қолын созып, әтирапында заматлық, пәрўана болады. Ал, кейин... Оның шаңын аспанда көресең... Мақулы, олардан бир алданыў!

8. Адам — көбирек басқалардың пикирин тыңлаўы лазым, бирақ өзинше жуўмақ шығарыўы шәрт!

9. Адасыўшыға дурыс ақыл бериў орнына, шуғыллық етиў — достың иси емес, бул душпанның иси!

10. Мениңше — адам өзинен ақыл сораўшылар менен емес, ал, көбирек ақыл қосыўшылар менен дос тутыныўы керек.

11. Сақалы ағарғанның бәри ақыллы емес, шаш қойғанның бәри ақмақ емес - деп ойлайман.

12. Бахыт тек — гүрес пенен қолға киреди.

13. Мен арақ емес, «ақылды ишпеў» керек екенлигин мудамы ядта сақлайман. Мен усы антыма дерлик садық болдым ҳәм буннан былайда...

14. Мен мудамы досларыма — сақыйман, ал душпанларыма — бақылман!

*1967-жыл.*

## МЕН ҚАССАПШЫЛЫҚТЫ ҚАШАН ҮЙРЕНДИМ?

*(Болған ўақыя)*

Мен күн ара мал сойып жүрген атайы қассаплардан болмасам да бул кәсиптиң сырларын әдеўир дәрежеде меңгерип алғанларданман. Ата-бабаларымыз «Өнерди үйрен, үйрен де жийрен» деп бийкарға айтпаған. Бул өнерде бириншиден, өзиндей кимселерге жалынышлы болып қалыўдан қутқарса, екиншиден, ретинде яр-досларыңның да мүтәжин питирип алғысын алыўға ылайық боласаң, қала берди, үшиншиден «қолүзлик»тиң есабынан бала-шағаңа таза сорпа да иштирип турасаң. Буны қыпсалаў «айды етек пенен жапқандай» бир гәп.

Расын айтқанда бул өнерди тосыннан үйренип алғанман.

Ўақыя былай болған еди...

1963-жылдың сентябрь айы. Педагогикалық институттың 2-курс студентимен. Нөкистеги «Шанхай» аўылына көшип келген класслас достым, марҳум шайыр Караматдин Төрешовтың үйинде ўақытша жасап турған едим. Базар күнлериниң бири. Караматдин ҳаўлығыўы менен үйге кирип келди де маған «бол-ҳа бол»ды сала кетти. «Аманлық па?» дедим. «Қарақалпақстан Жазыўшылар аўқамының баслығы Әденбай аға Тәжимуратовтың үйине Қазақстандағы жазыўшылардың баслығы Бердибек Соқпақбаев деген мийман келипти. Қой соятуғын адам таппай бүлинип атыр. Мен «бизиң үйде қой түўе түйе соятуғын қассап бар деп жибериппен», деп қарап тур. «Ҳаў, мен еле таўық сойып көрген жан емеспен гой! Бул не қылғаның»? – дедим өкпели. «Ал жоражан, бизди өтирикши қыла көрме, екеўлеп еплермиз» деди.

Солай етип Әденбай ағаның Халқабад көшесиндеги ҳәзирги имаратына жетип бардық. Үйинде қассап пышақ түўе май кесетуғын темир саплы пышақтың өзи де зордан табылды. Жүзиниң батыл болғаны соншелли қағазды да кесиўи гүмана еди. Қоңсыларының биреўинен егеў алып келинди. Ярым саат егеген болдық. Сойыслық орташа ғана қой екен. Аяқларын

байлап, пышақты алқымға салып та жибердим. Қәне кессе, қыйқалап атырман, қыйқалап атырман. Қолларым қалтырап баратыр. 3-4 минуттың шамасында қан шығарған болдым. Гүздиң салқын хаўасына қарамастан қара суў, қара терге де батып кеттим... Әллен ўақытта териден де шығарған болдық, үйден табақ алдырып мүшелеўге өттим. Әдетте, ишек-қарынды ажыратып болып, кейин мүшелеўди баслаў керек еди. Ал бизлер болсақ қол-аяғын кесип алып, домалақлап таслэдық. Мал сойыўдағы ең қыйын «операция» ишки қурылысты айырып алыў. Зәрре жерде өт қалтаны, ямаса қарынды жарып алсаң ғой гөш рәсўа болды дей бер. Бир саатлардың шамасында бул жумысты да орынлаған болдық. Енди жиликлеўге өтиўимиз тийис еди. Қарасақ қойдың артқы санының биреўи кемис. Қайда кеткен? Кейин мәлим болыўынша бизлер екеўлеп күйип-писип атырғанда сол үйдеги тарғыл көпек биреўин кетегине ала қашқан екен! Сизлерге өтирик, бизге рас ийттиң тиси сан гөшлерин қамшының шашағындай өрим-өрим етип жиберипти-аў! Бул жағымсыз ҳәдийсени айтарымызды да, айтпасымызды да билмедик. Түбинде мүшелердиң кемислиги билинип қалары айқын. Ақыры «жүрек жутып» жеңгейге «қулақ-қағыс» еттик. Ол оғада сабыр-парасатлы, ақыллы ҳаял екен, «ийттиң де несийбеси бар шығар» деди де қойды. Егерде менменлеў, шәддес ҳаял болғанда ма еди, бәлким ийт терисин басымызға қаплаўдан да таймас еди-аў!

Мине усы ўақыя буннан булайғы жағында қассапшылық онерин әп-әнедей меңгерип алыўыма түртки болды. Қашанда марҳум Әденбай аға Тәжимуратов, марҳум Караматдин Төрешовлар ҳаққында сөз болғанда усы ўақыяны еске алып өтиўди хош көремен.

*«Жипек жолы» газетасы, 2002-жыл, №2 саны.*

## БИЗДИ САТИРА ҚУРДЫМЫНА ИЙТЕРГЕН КӘСИПЛЕСИМ

Ҳақыйқатын айтқанда сатирик жазыўшы боламан деген ой оңым түўе түсиме де кирип шықпаған еди. Өйткени 1991-жылға шекем 3-4 поэтикалық китапшалардың авторы едим.

Ўақыя былай болған еди. Бир айлық мийнет дем алысынан кейин жумысыма сақал қойып бардым. Мени биринширлерден болып көрген кәсиплесим Мақсет завсклад. «Ҳаў, Көбеке, аўзынды қоралап таслағанбысаң?» деп ҳайран қалды. Ол ушырма сөздиң шебери еди. Бирақ көпшилик сөзге шешенлер қәлем-қағаз алдында әззи. Мақсетте сол тайпадан еди.

Сол қойған сақалымыз көпшиликке убыжық болып көрине берди. Ақыры алып тасладым. Тағыда ең алды менен көзи түскен Мақсет «Кобеке, сақалынды бузаўбас сүрип кеткеннен аман ба?» демеси барма:?! Бул гәплери есимнен шығар емес. Қулласы, бизиң сақалымызға атылған барлық ғәремет сөзлерди жәмлеп гүррин етип жаздым. Бул «Қарақалпақстан жаслары» газетасында сүўретим менен шықты. Бул сатира көпшиликке унады. Соннан рууҳланып бирқаншасын жазып тасладым. Нәтийжеде, 1994-жылы «Сақал» атлы китабым шықты. Соннан берли жазыўды үдеттик. Бүгинлиги орта дәрмияна сатирикке айланған есабымыз.

Сол Мақсет деген достымыз бүгинлиги бул әлемнен өтти, руўхлары шад болсын, илайым!

11-февраль 2016-жыл.

## ХАЛЫҚ МЕДИЦИНАСЫНЫҢ СЫРЫ ЯМАСА ҚЫДЫРБАЙ СЫНЫҚШЫ ҲАҚҚЫНДА ҲАҚЫЙҚАТЛЫҚ

Инсанийат дүньяға келгели берли саламатлық ушын гүрес даўам етип келмекте. Денеге кирип қалған «жаман рух»ларды қуўып шығарыў мақсетинде зикир салыўдан басланған тунғыш

қәдем компьютерлескен медицинаға шекемги көп әсирлик тарийхый жолды басып өтти. Солай етип, халық медицинасы ҳәм ҳәзирги заман медицинасы пайда болды.

Халық медицинасы — порханшылық, дууаханлық, сук шығарыў, тәуипшилик ҳәм сынықшылық тараўларына бөлинип, олардың ҳәр бириниң тийисли кеселлерди емлеў усыллары бар. Мысалы: нерв кеселликлери менен аўырған адамларға порханлар — «зикир салыў», дууаханлар оқыў, ал «көз тийген»лерге суқшылар — суқ шығарыў менен тәсир көрсеткен болса, ал улыўма терапиялық кеселликлер менен көбирек тәуиплер шуғылланып, олар дәрилик шөплер ҳәм басқа да пайдалы затлардың жәрдеминде емлеген, ал сүйек жарылыў, сыныў, бууынлардың өз орнынан тайып кетиўи усаған жарақатлар сынықшылардың пайына тийген.

Тилекке қарсы, коммунистлик идеология ҳүким сүрип турған дәуирде, айрықша атеистлер халық медицинасына «ескиликтиң қалдығы» сыпатында қарап, ҳәттеки тәуиплер менен сынықшыларды да қуўдалаўға ушыратты. Ақыбетинде бул тараўдың тәнҳә өзине мәлим болған бираз сырлары умыт болып та кетти.

Қудайға шүкир, ғәрезсизликтиң шарапаты менен халық медицинасына болған көзқарас пүткиллей өзгерди. Өзбекистан халық табобати Академиясына тийкар салынды. Бул бағдардағы мың жыллық тәжирийбелер қайта үйренилип атыр.

Дыққатқа ылайық бир жери, халық медицинасына болған ықлас бүгинги күнде батыс Европа еллеринде де күшейип бармақта. Айырым мәмлекетлерде дәри-дармақлардың 40-50 процентин натурал түрдеги шөп дәрилер қурайды. Өйткени, ҳәзирги заман медицинасы химиялық дәрилердиң 60-70 процентлик пайдалы тәреплери менен қоса 30-40 процентли зыян беретуғынлығын да дәлиллеп отыр. Ал, шөп дәрилерде болса бундай зыянлы коэффициент жоқтың қасында. Халық медицинасындағы ең үлкен тараўлардың бири сынықшылық кәсиби болып, оны өз алдына бир үлкен илим десек те болады.

Еле есимде, 6-7 жасар ўақтымда (1950-жылы) гөне тамлардан секирип жүрип дизем шығып кеткен. Оны өзимде билмеппен, ал үйдиң иши болса кеширек анлапты. Сол жыллары Қоңырат аймағындағы ең атақлы сынықшылардың бири Қутыбай тәўипти алдырды. Ол киси қыйсайып пите баслаған аяғымды «тары былаў»ға салып жибитип қайта орнына салған еди. Бирақта оның усыллары есимде қалмаған.

Бул кәсипти сол атақлы сынықшының қызы даўам еттиргенинен хабарым бар, ал оннан кейингилери болса бул талап пенен тийип-қашып айланысып, барып-барып таслап кеткени мәлим болды.

Техника раўажланған бүгинги күнде адамзаттың өмирине қәўип-қәтер оғыры күшейди. Ҳәр қыйлы дәрежедеги сүйек жарақатларын алыўшыларға ҳәзирги заман медициналық үскенелери менен үскенеленген травматология бөлимлери тийисли жәрдемлер көрсетпекте.

Деген менен де травматолоғ шыпакерлердиң барлығында тәжирийбели деп болмайды. Сонлықтанда соққы жарақатларын алған бир қатар адамлар, соңын ала сынықшыларға да көплеп мүрәжат етпекте. Әлбетте, сынықшылардың арасында да «шаласаўатлы»лардың болыўы тәбийий.

Ҳеш кимге сыр емес, бүгинги күнде бизиң аймағымыздағы шыпахана травматологлары да сынықшылар менен бирге ислесиў ямаса мәсләҳәтлесиў тәжирийбелерин әмелге асырмақта. Бул өзиниң унамлы нәтийжелерин берип атыр.

Айтайын дегенимиз, қоңыратлы Қутыбай сынықшының исин даўам еттириўши, қайыр-сақаўатлы инсанлардың бири Қанлыкөл районы Бескөпир хожалығының турғыны Қыдырбай аға Матқабулов болып, ҳәзир бул сынықшының исми республикамыз турғынларына күтә мәлим. Ол 1937-жылы Қоңырат районы аймағында Матқабул сынықшының шаңарағында дүньяға келген. Шоферлық кәсибинен напақаға шыққан. «Атадан көрген оқ жонар» дегендей Қыдырбай ағаның бул кәсипке қызығыўшылығы балалық пайытларында ақ пайда

болған еди. 1960-жыллардан баслап бул кәсип пенен ашықтан ашық шуғылланыўға тыйым салына баслағанлықтан, жарақат алып келген адамларды жасырып емлеў барысында әкесине жақыннан жәрдемши болып жүрди.

Биракта бул кәсипке жеке өзиниң бел байлап кирисиўи 90-жыллары басланды.

— Сынықшылық кәсиби де өз алдына бир үлкен мектеп,- деди Қыдырбай аға. — Бурынғы тәуиплер өз шәкиртлерине «пәтия» берместен бурын имтихан алар екен. Яғный, гүзени сындырып қапқа салып, көрмей турып қолдың жәрдеминде қайта қурап бериўин талап еткен деседи. Бул исти жоқары дәрежеде орынлаған шәкиртлерине ғана сынықшы есабында мустақил жумыс баслаўға рухсат еткен. Демек, бул инсан тәғдирине үлкен жуўапкершилик пенен қарағанлықтан дерек береди. Мен бул кәсиптиң сырларын әкемнен үйрендим. Тәжирийбе даўамында жетистирип бардым. Сынған сүйеклерди қәлпине келтириў, жарылғанларын емлеў ушын адам анатомиясы хәм физиологиясын билиўдиң өзи жетерли емес, бул бағдарда бармақлардың айрықша сезиў қәбилетлериде үлкен әҳмийетке ийе. Өйткени, сыйпалаў жолы менен ҳәттеки мүшелерден бөлинип қалған сүйектиң майда қыяқларына шекем таўып алып, орынлы орнына жайластырыў талап етиледи. Сондай-ақ, байлаўдында бир неше усыллары бар...

Мен бул кәсипти 1982-жылы баслаған болсамда, соңғы 12 жыл даўамында ғана қорқпастан, еркин түрде тураклы шуғылланып киятырман. Ҳәр қыйлы дәрежеде жарақатланған жүзлеп инсанлардың дәртине, әўели қудай, қалаберди ата кәсибимниң жәрдеминде шыпа бердим, қатарға қостым.

Бүгинги күнде мени Хожели, Қоңырат, Қанлыкөл, Шоманай районы шыпаханаларының травматология бөлимлерине мәсләҳәтши сыпатында шақырып турады. Мен ҳәр қандай шараятта да жетип бараман. Өйткени, ҳәзирги заман медицинасының да, халық медицинасының да баслы мақсети инсанның саламатлығын тиклеў емес пе? Жасырмайман,

айырым ҳалатларда емлеў усылында келисе алмаўшылық жағдайлары да ушырасып қалады. Биpaқта халық медицинасы үстинлигиниң жоқары екенлигин соңғы нәтийженин өзи көрсетип бермекте. Ал, хирургиялық усылларға келсек бизиң даўымыз жоқ. Айтайын дегеним, бул еки усылды толық меңгерген шыпакерлердиң қайсы бириде кем болмай атыр. Мысалы, қоңыратлы Восковойников пенен нөкисли Халмурат доктор дегенлер ҳаўазасы пүткил республикаға кеткен жоқ па? Ҳәзирги ўақта травматология тараўында да усындай қолы гүл сынықшы шыпакерлердиң бирең-сараң болса да шығып атырғанлығы қуўанышлы жағдай. Еки илим менен қуралланғанға не жетсин?

...Қыдырбай аға Матқабулов усы жылдың озинде өзи қатарға қосқан онлап инсанлардың исмин, мәкан жайларын берди. Тилекке қарсы, жақында өз шаңарақ ағзаларымның биринде жүз берген аварияалық жарақатты емлеў барысындағы унамлы нәтийжелер сынықшының бул бағдардағы тәжирийбелерине гүман туўдырмады. Қалаберди лепси мәселесинде оның инсап ҳәм диянатлы екенлиги менде айрықша ҳүрмет оятты.

Қыдырбай аға ҳәзир үш ул, еки қыздың әкеси, бес ақлықтың атасы. Зайыбы Марьяш жеңгей менен өткерген татлы өмирине қудайдан мында бир рет разы. Оның баслы сүрени: «Аш отыр, тоқ отыр - аман отыр!».

Бизде өз нәўбетинде халық ықласына сазаўар болған бул инсанның ийгиликли ислерине тасқын табыслар тилей отырып: «Даңқың жети ықлымға тарала берсин, Қыдырбай аға!» дегимиз келеди.

*«Жипек жолы» газетасы, 2002-жыл 47-48-санлары.*

## «БИР ДОСТЫҢ БОЛСЫН» ДЕГЕНДЕЙ

Халқымызда «Жалғыз аттың шаңы шықпас, шаңы шықса да даңқы шықпас» деген мақал бийкарға айтылмаған.

Жалғыз баланың бир өзиниң ойнаўы зеригерлик болғанындай, жалғыз жолаўшынында жүриси өнимли болмайды. Солай екен, инсан баласы балалықтан-ақ өзине унаған биреўлер менен тил табысып ойнағанындай-ақ есейген сайын көзқарасы ҳәм минез-қулқы үйлесимли жора-жолдаслары менен яр-дос тутынады, алыс-берис қылады. Солардың ишинде де жақсыларының жақсыларын қәдирдан досқа айландырады.

Мениң де балалығымда аўылда ойнап-өскен көпшилик жораларымның арасында ҳүрметиме ылайық қәдирдан досларым болды. Солардың арасында Нурылла Абдуллаев пенен Бектурсын Ашимовлар биринши сапта турды. Сонлықтан шығар «Нуруллаға», «Бир достыма», «Жораларым» атамасындағы қосықларым китабымнан орын алғаны бийкарға емес. Бүгинлиги ҳәр қайсымыз ҳәр мәнзилде жасап атқан болсақта, ҳәттеки, сийрек көрисип турсақта қәлбимиз ҳәмийше жақын. Ҳәр қандай шараятта да бир-биримизден өкпелеп, дәмегөйлик етип көрмедик, ҳәмийше сағынысып көрисемиз. «Достың ескиси, кийимниң жаңасы жақсы» деген мақал усындайдан айтылса тәжип емес.

Улғайған сайын мениң өмир жолымда жақсылар көбирек дусласты. Солардың бири әдалатсызлыққа шыдап тура алмайтуғын, принципли ҳәм қолы өнерли, бир сөзли инсан, марҳум Қыдырбай аға Айтөреев болды. Ол киси менен пединститутта қатар оқыдық, соң музейде бирге ислестик, бир көшеде жасадық. Жай баслаған жыллары талай рет көмегин көрсетти, қурылыс материалынан да жәрдем берди. Өмириниң ақырына шекем туўысқандай қатнасып турдық. Екиншиси марҳум Кемал Бабажанов еди. Ол мениң музей фондындағы исенимли жәрдемшиме айланды. Ҳәттеки, қымбат баҳалы зергерлик буйымлары жайласқан «ғәзийнехананың» гилтин де

тапсырып кететуғын едим. Өйткени, ол қыянетке ҳүжданы бармайтуғын, пәк кеўилли инсан еди. Әттең, өмири келтерек болды.

Ал, достым Жалғасбай Хошниязов пенен мектептен баслап таныс едик, оның менен студентлик жыллардың тақанын бирге шайыстық, алақандай нанды бөлисип жегенбиз. Исенимли дослардың бирине айланды. Көп жыллардан берли қоңсымыз, тез-тез ойласып, пикирлесип турамыз. Өмири узақ болғай, илайым!

Қәдирдан досларымның бири болған ҳәм тәбабат илиминдеги устазым Темирбай Көбейсиновты айрықша тилге тийек етпесек гүнаға бататуғыным аттан анық.

Мен, оның менен 1968-жылы Қарақалпақ мәмлекетлик үлке таныў музейинде таныстым. Екеўмизде еки бөлимниң баслығы болдық. «Яр» дегеннен әлпимиз алысып кетти. Бизлердиң пидайылығымыз, мийнеткешлигимиз, қәсийетлеримиздиң бирдейлиги, қала берди көзқарасларымыздың жақынлығы демде досластырып жиберди. Ол ҳәзирги мәкан басқан орынға келип қалыўыма да себепшиси болды. Бир неше жыллар иргелес қоңсы болып жасадық.

Ҳаялым бир ўақыяны тез-тез еслеп турады. 1969-жылы 28-августта үлкен балам Махмут туўылды. Ҳаялым роддомда жатады. Ал, мен болсам ҳеш ойланбастан командировкаға кетип қалыппан. Шығатуғын ўақты болған. Сонда Темирбай музейдиң шоферы Турдымурат пенен завхозымыз Әрепбайды ертип барып шығарып алған екен. Әне тамаша!

Достым Көбейсинов Темирбай 1944-жылы 7-февральда Нөкис қаласында туўылған. Бизлер жаслас ҳәм айласпыз, демек, жулдызларымызда бирдей.

Ол 1966-жылы Самарқанд университетиниң тарийх факультетин тамамлап, Тахтакөпир районында муғаллим болып жумыс баслайды. Ал, 1968-жылы музейге жумысқа өтеди. Миллий мәдениятымызды үгит-нәсиятлаўда ҳәм баҳалы экспонатларды ел аралап жыйнаўда белсендилик көрсеттик.

Ақша араласқан жерде гүманда пайда болады. Сонлықтан шығар қарсыласларымызда табылып қалды. Бәрибир ҳақ-ҳақлығына барады.

1969-жылы аўыр кеселге шалынып төсек тартып жатып қалды. Ҳал-жағдайынан тез-тез хабар алысып кеўлин көтерип турдық. Дурыслы айығып кетпегенликтен 1972-жылы жумысты қойып Қырғызстанның Тоқпақ аймағында жасайтуғын, даңғарасы пүткил аўқамға жайылып кеткен қытайлы Арлы ата деген дүнған тәўипке сапар шекти. 1975-жылға шекем оның хызметинде болып, өзиниң искерлиги менен атаға унап қалады. Аҳаңгаранлы Мырзақул ака менен екеўин шәкиртликке таярлайды. Бирге жүрип, бирге турып тәбабаттың сырларын үйренеди. Нәтийжеде денсаўлығы тикленип, ақ пәтиясын алыўға ериседи. Солай етип, екинши устазы Мырзақул ака менен жумыс баслайды, тәжирийбе топлайды. Сол жүристен 1977-жылы ғана елге қайтып оралады. Адам қарайды. Көпшилик жерлеслеримиз дәртине даўа табады.

Тилекке қарсы, 1984-жылы қуўғынға ушырап Ташкент тәрепке кетип қалды. Қашқадәрья ўәлаятында жасап дийқаншылық етти, адам қарады. Бираз жыллар Мырзақул ака менен тағы да бирге ислести.

Ғәрезсизликтен кейин халық тәбабатына кең жол ашылып Ташкент қаласында өз «офисин» ашып алды.

1994-жылдан баслап туўылған жерине келип-кетип жүрипти. Адам емледи. Өзимде гипертония кеселине жолыққаннан берли тийкарынан сол шөп дәрилер менен емленип киятырман. Сол жылларда ортаншы балам Махсутты оған жәрдемши етип бердим. Мениң өзимде мийнет дем алысына шыққан пайытларымда Жиззақтағы Бахмал таўларына, Чимянға барып дәрилик шөплерди терисиўге жәрдем бердим, шыпалық қәсийетлерин үйрендим.

Айтпақшы, оның апасы Зийнеп әже де жүдә ақыл-парасатлы, мийрим-шәпәәтли, қудай берген инсан еди. Темирбай Арлы атада емленип жүрген жыллары ҳаялым Орал

мудамы көз-қулақ болып турды. Себеби, келини «кесел адам менен жасай алмайман» деп қызы Умиданы алып ажырасып кеткен еди.

Және бир мәселе: мениң тәбабатқа қызығыўшылығымды сезген достым тәуипшилик етиўимди усыныс етти. Сөнда «мен тек ғана формацеппен, тамыр услап билмеймен» деп қашыртып едим, 2008-жылы диағностикалық «Зинда» емлеў аппаратын сауға етти. Қалайда пенсиядағы бийкаршы адамбыз-ғой, кем-кемнен тәжирийбе топлаи басладым. Шаңарақ ағзаларымды, туўған-туўысқанлар ҳәм қоңсы-қобаларымды емлеўге киристим. Айрықша, қурт түсириўде хам кан алыуда унамлы нәтийжелерге де еристим. Оқып сертификатта алдық.

Дәрилик шөплер достымыздан болды. Демек, сауабының көпшилиги достымызға тийсе, қалғаны да жетеди.

Темирбай достым дәриден тысқары ақшалайда жәрдем берип турды. Мәселемкиден, Махсут үйленгенде қалың пулын Ташкенттен өзи келип төлеп кеткенлигин қыпсалаў инсаптан болмайды. Сондай-ақ, имарат қурылысына да қатнасып, материаллық жәрдем берди. Елеге шекем бир тәрепимизди көтерип жүр. Шайырлар устазы Ибрайым Юсуповтың жазғанындай «Жанымды берейин демесин саған, берсе айтпай берер бир достың болсын» деген қатарлары бизлер ушын айтылғандай-ақ.

Бүгинлиги бул инсан «тәбиб Темур ака» деген ат пенен Өзбекистанда ғана емес, ал Қазақстан ҳәм Россияның айырым аймақларына да машҳур болды. Ташкент, Чиланзар-26 да жасайды. Қызы Умида ҳәм баласы Нурланнан бир неше ақлықлар сүйип отыр.

Ол еле қуўатлы. Медицина ҳәм тәуипшилик илиминиң жаңадан ашылып атырған сырларын үйрениўден де жалықпайды. Мысалы Андрей Толстоносов усылларында.

Достым Темирбайға сау-саламатлық, баўыры пүтинлик, сауаплы ислеринде тасқын табыслар тилеймен.

17-апрель 2016-жыл.

## ӨМИРДЕН УҒЫНҒАНЛАРЫМ

### «ҲӘЗИРШЕ ӨЗИМ МЕНЕН ИСЛЕСЕ ТУР...»

Ауылдан келип студент болған жылларым еди. Белгили әдебиятшы-алым, марҳум Әдилбай аға Қожықбаевтың «Әмиўдәрья» журналында ислеп атырған ўақты. Жас талантлар қатарында бир дүркин қосықлар қаралап журналға алып барған едим. Редакциядағы хызметкерлердиң бири мени Қожықбаевтың алдына жиберди. Рухсат сорап кабинетине кирип бардым. Сәлемнен кейин «Қожықбай аға, сизге мәсләҳәтке келип едим» дедим ийбенип ғана. Сонда ол бетиме күле шырай менен қарап турып: «Қосшым, әкемди не қыласаң, ҳәзирше өзим менен ислесе тур» деди. Уялғанымнан тыпыршылап қалдым. Буны сезген Әдилбай аға: «Қәне қосшым, маған бере тур. Аяқ алысынды бир көрейинши» деп қосықларымды даўыслап оқый баслады...

Сол-сол екен, жумысым түсип барған адамның аты-жөнин анық еслеп қалмағанымша «аға», «ақсақал», «апа» деп мүрәжат ететуғын болдым.

### АКАДЕМИКТИҢ СӘЛЕМЛЕСИЎ САБАҒЫ

«Инсан баласы өмириниң ақырына шекем үйрениў менен өтеди» дегенлери рас екен. Елеге шекем көргенимизден көрмегенимиз, билгенимизден билмегенимиз көптей. Әпиўайы бир мысал. Усы мәҳәлге шекем жасы үлкен адамларды көргенимде «Ассалаўма-әлейкум» деп қолынан алып, саламатлығын сорап қояр едим. Бир күни үйреншикли әдетим бойынша академик Ҳүсниддин Ҳәмидовқа да сәлем берип аманлық сораса баслады. Ол киси сонда: «Тоқтап тур, қосшым, тәртип бойынша әўеле жасы үлкен сорасып алады. Оннан кейин барып сизге нәўбет бериледи» деген еди. Сол-сол

екен, жасы үлкенлерди көрсем «Ассалаўма-әлейкум» деймен де сорасыўын күтип, әдеп сақлап туратуғын болдым.

Кейин ала данышпанлардың сәлемлесиў әдеби ҳаққындағы ҳикметлерин оқып қалдым. Онда айтылыўынша жасы үлкен жасы киши менен сорасып, атлы адам пиядаға, жүрип баратырған киси отырғанға, бир адам көпшиликке сәлем бериўи ҳәм сорасыўы шәрт екен. Булардың бәршеси кишипейилликке, менменликтен аўлақта жүриў ушын ойлап табылған әдепнама әлипбесиниң басламасы болса керек.

## ҮЛКЕН ТУЛҒАДАН БЕРИЛГЕН ЕСКЕРТИЎ

Марҳум Камал аға Мәмбетов илимде ҳәм көркем әдебиятта үлкен тулғалардың бири еди. Өмириниң соңғы жыллары екен, мен Камал ағаны полиграфкомбинаттың өндирислик бөлиминде отырғанын көрип сәлем бериў мақсетинде кирип бардым. Ол маған «Кешеги сатиранды оқыдым, жақсы екен» деп жыллы-жыллы сөзлер айта баслады. Мен сол күнге шекем кимлердендур мақтаў еситсем «мени жалған хошаметлеп атырғандай» сезинер едим-дә, «онша емес» деп қайтарып таслайтуғын әдетим бар еди. Сол сапары да солай болды. Камал аға көзәйнегин алды да тикленип қарап: «Ҳәй бала, адамлар өзиниң ўақтын бөлип жазғанынды оқығанының өзи де үлкен гәп емес пе, қайтама айтқан алғысың ба?» деген еди өкпели пишинде. Сол-сол екен, усындай ўақыя тәкирарланса «Рахмет»тен басқа сөз айтпайтуғын болдым.

## ШАЎДЫРБАЙ АҒАНЫҢ ТАЛҚЫЛАЎЫ

«Иван Васильевич өз кәсибин өзгертеди» көркем фильмин кино ышқыпазларының қайта-қайта жалықпай көргиси келе беретуғынлығына гүман жоқ. Өйткени, бул бир жағынан фантастикалық, ал екинши жақтан комедиялық планда сүўретке алынғанлықтан тамашагөйлерди ҳешқашан

жалықтырмаған. Ўақыттың қалайынша тез өтип кеткенлигин өзиң де аңламай қаласаң.

Кинокомедияның тийкарғы қаҳарманлары: ойлап табыўшы Шурик, қудиретли Рус мәмлекетиниң патшасы Иван Грозный, Москва қаласындағы бир «Дом»ның коменданты ўазыйпасын атқарыўшы Иван Васильевич Бунша, тис докторы Шпак, баўкеспе уры Милославский ҳәм басқалар.

Өзим де бул кинокомедияны нешше мәрте қызығып көргенмен. Тилекке қарсы, кино авторларының мақсети, жәмийетшиликке айтпақшы болған идеясының не екенлигин ойлап та көрмеген екенмен. Бул шығарманың ҳақыйқый мәнисин 1986-1990 жыллары белгили прозаик жазыўшы Шаўдырбай Сейтов пенен «Қарақалпақстан» баспасында бирге ислескен ўақытларда барып түсиндим. Оның минезиниң ҳәм өмир жолының «айқыш-уйқыш»лығын есапқа алмағанда, әдебият, илим, көркем өнерди терең түсинип баҳалай алатуғын, соның менен бир қатарда әпиўайы турмыслық хызметлерге де дөретиўшилик көзқарастан қатнаста болыўдай қәбилетке ийе инсан екенлигине талай рет гүўа болғанман.

Күнлерден бир күни «Иван Васильевич өз кәсибин өзгертеди» кинокомедиясы ҳаққында сөз болғанда, Шаўдырбай аға бизлерге қарата: «Бул киноның идеясын ким айтып бере алады? Авторлар не демекши еди?» деген сораў менен мүрәжат етти. Сонда бир топар қәлемкеш жас шайыр-жазыўшылардан бирде-биреўимиз ол кисини қанаатландырарлық дәрежеде жуўап бере алмаған едик.

— Оның баслы идеясы сонда, - деген еди устазымыз Ш.Сейтов, — кеңес ҳүкиметиниң басқарыў системасын әшкара етиў. Аллегориялық, бүркеме усылдан шебер пайдалана алғанлықтан, ҳәттеки цензура да бул «қупыя»ны аңламай қалды.

— Қалайынша?-деп таңланыстық оның не айтпақшы екенлигиниң астарына пәмимиз алыспағанлықтан.

— Авторлар былай демекши болған,-деп сөзин жалғастырды ол, — Иван Васильевичтей қудиретли патшаның тахтына бир

ғана «Дом»ға басшылық еткендей ҳалы бар комендант Буншадай саўатсыз, пәмсиз ҳәм арақхор адамның отырғанлығына, ал оның кеңейгөйи болса Милославскийдей белгили баўкеспе уры екенлигине ишарат етилген. Бирақта, ол Буншаға қарағанда ақыллырақ ҳәм ҳийлекер. Сол жәмийеттеги адамлардың психологиясы болса, бөрттирип ҳәм қосып айта беретуғын «өтирикши» тис докторы Шпак образында, сондай-ақ ҳаял-қызлардағы жеңил тәбиятлық, жәмийеттиң мораллық бузықшылыққа жүз берип баратырғанлығы да кескин сынға алынған...

Сол сапары бизлер Шаўдырбай Сейтовтың ойлаў қәбилетиниң өз заманласларына қарағанда да әдеўир күшли ҳәм терең, қалаберсе өз тараўының ең үлкен билимданы екенлигине және бир рет гүўа болдық. Бул өз гезегинде мениң дүньяға көзқарасымның кеңейиўиндеги өмирден уғынған сабақларымның бири болып қалды...

*«Еркин Қарақалпақстан» газетасы 2006-жыл 30-март.*

## ЎАСИЯТНАМА

**(Ҳәзил-шыны аралас)**

Ойлап отырсам, сақал-шашым үпилдириктей ағарып, жасым да бираз дығырықтан өтип қалыпты. Өткен күнлеримди көз алдыма бир-бир елеслетсем, не бир қыямет қайымлардан жол таўып, пәриме суў жуқтырмай киятырғанлардан биреўи екенмен. Әттең, буларды өзимнен басқа тири жан сезбеген. Сонда артымда не қалдырмақшыман? «Ат аўнаған жерде түк қалар» деген нәсиятқа неге бойсынбайман? деген қатар сораўлар соңғы күнлери мазамды ала баслады. Дурыс, «Калила ҳәм Димна», «Қабуснама» сыяқлы даналық китапларды жазыў қолымнан

келмейди. Деген менен де, өз басымнан кешкен тәжирийбелеримди аз да болса ақ қағазға түсирип, келешек әўладларға қалдырсам оннан не зыян көремен?

## ХАЯЛ МЕНЕН ОҢЫСЫҚ ХАҚҚЫНДА

Әй, перзент!

Ата-бабаларымыз айтқандай «Үйлениў аңсат, үй болыў қыйын»! Сиз, ата-анаңыздың ықтыяры менен бе ямаса өзиңиздиң қәлеўиңиз бенен бе, ертели-кеш шүберек баслы биреўге дастықлас болыўыңыз тәбийий. Бәриңиз болмаған менен де биразыңыздың еле тойдан бурын-ақ: «Балам, келин аўзына шөп өлшеп ала көрмесин!» деген аналық мәсләҳәтин еситкенлигиңизге гүманланбайман. Бәлким, бул гәпти туўра мәнисинде қабыл етиўшилер еле де табылып қалар! Бизиң менен өкшелес киятырған жорамыз Тасмийтин анаў үйленген жыллары шымылдыққа кириўден-ақ аўзын алақаны менен басып отырған көринеди. Өзиниң садалығын кейин ала түсинген ол бир ҳәптеге шекем уялып жүрген емиш деген сыпсыңлар да таралып жүрди. Шамасы, бул оның дәли жеңгелери тәрепинен ойлап табылған ҳәзил-дәлкек болыўы да итимал.

Қайсы бир данышпан: «Хожалықты басқарыў — мәмлекетти басқарыўдан қыйын турады» деген екен. Усыған қарамастан жаңа шаңарақ көтерип атырған еки жас «яр» деген кишкене мәмлекеттиң «президентлиги» ушын талас баслайтуғынлығын өз тәжирийбемнен жақсы билемен. Усы жолда еркек — Адам атаның мийрасхоры сыпатында қораздай қоқыраңлағаны менен де, ал ҳаял — Ҳаўа ененин урпағы тымсалында ерин дегенине көндириўге белсене кириседи. Айтқаны кеўлиндегидей бола бермесе: өкпелеў, жылап бериў, төсегин бөлеклеў, баласын урып-соғыў, тапқанын миллет етиў, ерин бәләәтлеў, жәнжел көтериў, ҳәттеки төркинине қарай «хайт қойыў» усаған қыйлы-қыйлы қылўаларды көрсетеди. Әлбетте, дәрьяның сағасы таўлардан басланатуғыны сыяқлы бул «өнерлер» еле шымылдық жыйланбай

атырып-ақ «көринис» бере баслайды. Бир қызығы, тәбият нызамлары сыяқлы бул да әпиўайылықтан қурамалыққа қарай раўаж алады. Дәслебинде: «қойшы», «жоқ болшы», «мақаў» сөзлеринен еркелете пайдаланып, ал кейин ала «маңлайы қара», «сүмелек», «өлимтик», «мәскүнем» лексикалары менен толықтырылады. Ақыбетинде, аўзы бийхаялыққа кеп алып кетеди. Демек, сиз еркек сыпатында дәслепки басқышта тойтарыс бермесеңиз «дизгин қолдан кетти» деп есаплай бериўиңизге болады. «Аўызға шөп өлшеп алыў» дегенниң ҳақыйқый мәниси де мине усында.

Әй, перзент! «Бийликти қолдан бермеймен» деп ҳә дегеннен қол жумсап жүриўши болмаң. Бул ер азаматтың иси емес. Ондай ҳалатта бул дүньяда сизге ҳаялыңнан қәўипли душпан болмайды. Солай екен, оны сөз бенен тәрбиялап көриң, мәмлеге шақырың, егер де буған түсинбейтуғын ямаса түсингиси келмейтуғын қыйлынан болса, қаттырақ айтып, еркекке усап қоқыранлаң, ҳасла муш жуғырта көрмең! Оған да турмаса мейли айып өзинде, майлырақ жеринен бир-еки шымшыўға рухсат етемен. Усындай унамсыз қубылыстан кейин сол бойда пәсине қайтып, ҳаялыңыздың алдында дәлбиреклеп жүриўши болмаң. Егер де, қәте өзинен болғанлығын түсинип жеткидей пәми болса саған ҳешқандай кек сақламайды. «Өзиме өзим қылған қатынман, терис қарап жатырман» деген мақалды мен емес ғой ойлап таўып жүрген. Қыяметинде бир азырақ бултыйып жүрип, көпке бармай-ақ ийесине еркелеген пышықтай сүйкене баслайды. Демек: «Ийилген басты қылыш кеспейди»! Пешанасынан бир сүйип жиберсеңиз, әлем гүлистан, бәри де өз жолына түседи. Набада, алғаның өзине қарай тәп беретуғын қыйлынан болып шықса, онда қудайыңның урғаны дей бериң! Ийтли-пышық болып өмир сүргеннен көре, дүньядан тақ өткен абзалырақ шығар, калайда! Бирде «Ҳинд қолына түскен асыранды пилдей» жетегинде жан сақлаўдан басқа жолыңыз қалмайды. Ондай ҳалатта сизди «қудай аясын»!

Әй, перзент! Бул мәселеде баспүкил ҳаялларды айыплаўдан да аўлақпан. Ақыры, «Шаппат еки қолдан шығады» деген емес

пе?! Өйткени, бираз еркек киндиклилер көшеден мәс ҳалында келгени аз болғандай, ошақ басының берекетин қашырғанын қәйтерсең! «Ҳәм уры, ҳәм үстем» болгысы келеди. Бул ең жаман иллет. Ондай ҳалат тез-тез жүз берип туратуғын шаңарақта ердиң абырайы тек те ҳаялының алдында ғана емес, қоңсы-қоба, перзентлериниң алдында да айрандай төгиледи. Қалаберди, «жигитшилик ийтшилик» деген әдетлер де ерли-зайыплылықтан кейин пүткиллей қалмағы дәркар. Сонда ғана сиз көтерген шаңарақ мықлы ҳәм азада болады.

Дурыс, қазан-табақ бар жайда қағыспақ, соғыспақ болып туратуғынлығын да бийкарлай алмайман. Турмыс тәшўишлери, жетер-жетпесинлик, қызғаныш, өсек гәплер дегендей... «Биреўлер тойып секирсе, биреў тоңып секиреди». Буның бәрин қызбалық пенен емес, ал үлкен сабырлылық пенен жеңип шығыўға болатуғынлығын өз тәжирийбемнен жақсы билемен. Ара-тура ҳаялыңның делебеси қозып кеткен ҳалатлар да, сөзлерин елестирмей жиберетуғын мәўритлер де гезлеседи. Әлбетте, аўыз қуўыслығынды патаслайтуғын дәрежеге барып жетпесе. Ол сабасынан түскеннен кейин өз сөзине өзин орап, уялдырмақ мақсетке муўапықдур.

Әй, перзент! Ҳаялың балықтай уўылдырықты қаншелли көп шашқан сайын гүжимдей тамырың соншелли тереңге уратуғынлығын ҳасла естен шығармаған мақул. Ал, балаларың ержетти ме, демек қолға услаған қос дизгинниң бир жағы ҳаялыңның қолына өтти деп есаплай бериң. Енди оны ҳеш нәрсе менен де қорқыта алмайсаң.

Мақулы, «қатынды бастан услап» өзине баўыр бастырып ғана ҳаққынан шығасаң. Оған қалай ерисемиз дейсиз бе? Пайғамбарымыздың «Ҳадис»инде айтылғандай: «Өзиң ишкен аўқаттан ишкизесең, өзиң кийген кийимнен кийдиресең, ҳаяллық ҳаққына қыянет етпейсең»! Дурыс, тастан салынған салқын сарайда отырыўды, женил машиналарда шалқып қыдырыўды, соңғы модаларда қос-қостан кийим кийиўди, ҳасыл моншақлар тағыўды қайсы Бийпатпаның тұқымы хош көрмейди дейсиз?! Бирақ, дунья тегис емес. Биреўлердиң машина түўе «шайтан

арбасын» жаңалап алыўға калтасы көтермейди. Кимдур биреўлерге күнделикли оңысық ууайым! Қалай дегенде де, үнемлилик, сабырлылық, қәнәәт, хадал мийнет, аўызбиршилик хүким сүрген үйде хәмийше жақсылық жолдас болатуғынлығына исене берин.

«Бирлик бар үйде тирилик бар» деген ғой халқымыз! Демек, тиришилик бар үйде келин түсер тойлары, гүмис хәм алтын тойлар өте беретуғынлығына гүман жок.

Әй, перзент! Усы ўәсиятнамаға аз да болса дыққатлы болсаңызлар, сизлер де ең бахытлы шаңарақлардын қатарында тилге тийек етилетуғынлығыңызға ийман келтиремен. Иншалла, солай болғай!

«Арал қызлары» журналы 1998-жыл №1.2.

## БАЛА ТӘРБИЯСЫ ХАҚҚЫНДА

Әй, перзент!

Ўәдеге опа қылмақлық инсандағы ен жақсы пазыйлетдур. Солай екен, бир пайытлары Сизлерге ықрар етилген лебиздин үстинен шықпақлық нийетинде ўәсиятнаманың жалғасын жазыўға қол урдым. Бул күнлерге жеткерген Аллатаалаға мын да бир рет шүкиранамыз бар.
Солай етип...

Солай етип, перзент — бул бизиң өмиримиздиң жалғасы, бағымыздың мийўасыдур. Сонлықтан да, ата-бабаларымыз «Әкең өлсе де, әкенди көргенлер өлмесин» деп бийкарға айтпаған-аў, сирә!

Бизиң пәмлеўимизше, дүнья-дүнья болғалы бала тәрбиясында үлкен еки ағым хүким сүрмекте. Олардың биринширси- диянатлы, ел-журт дәртинде жанатуғын, өз мәпинен өзгелердиң мәпин ағла санайтуғын перзентлерди кәмалға жеткериў, ал екиншиси: «Бес күним—хош күним», «Бир тамса да шекпенге тамсын» тақылетинде қара бастың ғамы ушын жасайтуғынлардын тайпасы.

Әлбетте, дәслепки жол оғыры аўыр, машақатлы, қыян-кески гүреслерге толы. Бул жолда сизге от бәлеси, суў бәлесинен тысқары жала бәлеси де жолдас болыўы тәбийий. Ҳәттеки, ялғаншыдан қарыныңыз қалқымай өтип кетиўиниз де тәәжип емес. Бирақ, қашан да сиз қорғаған, сиз жақсылық еткен инсанлардың бир бөлеги, ең болмағанда бирен-сараңы сизди жақсы сөзлер менен яд етип туратуғынлығына ийман келтиремен. Тек те, сиз бул пәний менен хошласарда өткен өмиринизден пушайман болмасаңыз болғаны, «Жаным жәннетте» дей бериң. Ол күнлерге шекем Аллатаала Сизге узақ жас, узақ өмир берсин, иншалла!

Ал, екинши тәрбия мектебинен шыққан перзентлердиң көпшилиги, ол дүньясын билмедим дә, ал усы әлемде бай ҳәм дәўлетли жасайтуғынлығына шек келтирмеймен. Әлбетте, оны қалай тәрбиялаймыз демекшисиз ғой...

Егер де, сизиң есте сақлаў қәбилетиниз зор болса қулағыңызға қуйып, набада шаймийлиғиңизди тән алып жүрген болсаңыз қалың дәптерге муқыятлап жазып алың. Набада, усы ўәсиятнамам таска басылып қолларыңызға жете қойса, бир нусқасын перзентиңиздиң дастығының астына қойыўды умытпаң! Ҳәр күни: Сиз–анасы, ҳәййиў айтып уйқылатпақшы болсаңыз, оны даўыслап оқыўды пешеге айландырың, ҳәм балаңыз тыныш уйқылайды, ҳәм көкирегиңизге хат болып қалады. Еки пайдаңыз бир питеди деген сөз...

Демек, балаңыз туўылған мәўриттен оны «жаман көзлерден» сақлаңыз. Имканияты болса ата-анасынан басқаның нәзери түспесин. Ол апыл-тапыл жүрип қолына «қораз қант» услағаннан кисиге «сақыйлық» етиўге ҳасла жол қоймаңыз, керисинше жөргеклеслеринен үстем болыўға тәрбиялаң, шамасы келсе олардың аўзындағысын тартып алыўға әдетлендириң. Ал, өсе келе бирге ойнаған досларының умыт қалдырған ойыншықларын үйге тасыўды үрдиске айландырсын. Буны үйретип отырыў шәрт емес, тек те өзгелердиң тобын қолтығына қысып келгенде «Бар, алған жерине апарып тасла, жүўермек» деп тәмбисин бермесеңиз болғаны. Қалған жағында тәжирийбеси артып бара береди, қалаберди бул пайдакүнемликтиң туңғыш әлипбесидур!

Балаңыз бақша жасына жетти ме, ҳасла бетин қаға көрмең. Не тилеги болса бәржай келтириң. Бәлким, «Аспандағы айды

алып бер» деп шатақ та салар, сонда да оның жүрегине ғул-ғула салмай, кеўлин табыўға жол излең. Бул қыйын емес, әлбетте, зәңгиниң ямаса теректиң уша басына шығып айға қарай қол соза бериң, соза бериң. Абайлаң, сәл жерде жығылып, мертилип қалың жүрмең! Сонда жылағанын койып «қықыр-қықыр» күлсе дийдиндеги болғаны. Усындайдан қайтпас қара, өр көкирек болып өседи. Солай да, басқаларға сақыйлық етип жүре көрмесин, ондай ҳәрекетлерин көрип қалсаңыз яки сезген болсаңыз, қатырып тәмбисин жеткерин, қайтып адам бендесине шық тамызбайтуғын болсын!

Әлбетте, бала ойнаған жер даў-жәнжелсиз болмайды. Ол биреўди қағындырады ямаса өзинен мықлырақ кимседен таяқ жеп те келеди. Егер де балаңыз өзгелерден зор шықса — мақтаның, марапатлаң, хошаметин жеткериң, ал таяқ жеп келсе жазалаң, намысына қозғаў салың, қашан болмасын өз қарсыласларынан өш алыў ышқында жүрсин.

Перзентиңиз мектеп жасына шығып, оқыўға қатнаўдан тәрбияны үш есеге күшейтиң. Өйткени, мектептиң тәсири арқасында руўхыяты өзгерип кетиўи итимал. Балаңыз ҳешкимге, ҳәттеки муғаллимине де бойсынбайтуғын болсын. Набада, дәкки жегидей болса, әкесин таныттып жиберин! Кимнин дейсиз ғой?! Муғаллимниң дә! Үстинен шағым арзаны қардай боратың, егер де сол күнлери балаңыз биреўлер менен мушласып көзи көгерген болса, кудайыңыздың бергени. Жаланы муғаллимге аўдарыўдан арсынбаң. Қалаберди, ҳәр байрамда усы мүнәсибет пенен мектеп директорына ямаса оның да үстинен қарайтуғын кимселерге «подарка» шөлкемлестирип турсаңыз гүлала-гүл. Сонда, ҳәрқашан да сизиң сөзиңиз сөз болады, ал балаңыздың күнделиги төрт пенен беске толады. Мине, усы реже менен жүрсеңиз, сизге кесек атқанлар «аппақ хожаның ақлығы» болса да зар қақсап қала береди. Ақыры, күш атасын тыңламайды да! Айрықша мектеп жасында жаслардың шылым шегиў, насбай атыўды үйренетуғын әйне пайыты. Әлбетте, дәслеп бул «өнерди» жасырып ислейди. Буны билиў қыйын емес. Ҳәр күни ол уйқыға кеткен ўақытта шалбарының қалтасын ийискелеп көрсеңиз, парқын айыра

қоясыз. Ал, жоқары классларға өрлеген сайын арақ-шарап та ишиуге мейил бериуи итимал. Ондай ҳалатларда оған бақырмаң, керисинше қатарға қосылғаны менен мақтаның. Ақыры, арақты жигиттиң қоразы ишеди дә!

Әй перзент! Егер де, сизиң хожалығыңыз қурғын болса, гаражыңызда «темир тулпар» киснеп турса, қудайыңыздың бергени. Гилтин мың жеринен жасырып қойсаңыз да тауып алады. Жоралары менен қыдырыспаларға шығып туратуғын болады. Буған ҳасла қыйланбаң. Бирақ, шәрти: олар сизге қарағанда да қурғын ҳәм түсиримли жердиң перзентлери болғаны мақул. Сонда ғана балаңыздың келешегинен үмит етиу имканияты баршылық. Балаңыз мектепти питириуден-ақ «майлы-кемикли» маманлықтағы оқыуларлдың бирине бағдарлаң. ТЭСТ усылы дейсиз бе? Ҳеш гәп, ҳәзир пулдар адамлар ушын не көп, төлемли жоқары оқыу орынлары көп. Зинҳар, муғаллимшилик ямаса алымлыққа дарыта көрмең. Дүнья-дүнья болғалы бул кәсиптегилердиң наны екеу болып көрген емес. Илажы болса, бажыхана, салық, банк тараулары бойынша оқытың. Егер де, ҳеш бирине ықласы соқпаса сатып алып берип-ақ дипломлы етиң де азық-ауқатты таярлау мәкемесине ме, нефть база ма, яки арақ заводы усаған орынларға экспедитор етип-ақ өткерип жибериң. Бир-еки жылдан кейин өз арбасын өзи тартып кете береди. Набада, «ийт жеккен» журтларға дуз-несийбеси шашып турған болмаса! Әне, усыннан кейин үйли-жайлы етиудиң әнжамына кирисе бериңиз.

Ол да өз нәубетинде «уяда нени көрсе, ушқанда соны көрип» өз перзентлерине ата жолы менен тәрбия бериуге мейли соғады. Ақыры, «Атадан көрген оқ жонар, шешеден көрген тон пишер» деген емес пе?!

Биз тәрийп еткен тәрбия жолының қайсы бири сизлерге мақул, бул өзлериңиздиң ҳүжданыңызға ҳауала, әзийз ата-аналар!

«Нөкис ҳақықаты» газетасы 25-августь 1995-жыл.

## II. ӨЗГЕЛЕР БИЗ ҲАҚҚЫНДА

### ҚАЙДАСАҢ, АҒАЙ?

Ҳүрметли редакция!

Бундағы ўақыя толығы менен мениң өз өмириме тийисли. Мүмкин болса, ол жер — бул жерин дүзетип, қалай болмасын ғазета бетинде жәрияласаңыз еди. Бәлки, мың-мың досларым излеген адамымды табыўға жәрдем берер, яки Көбей ағаның өзи де оқып қалыўы итимал. Қәне, онда?...

Енди айтажақ ўақыямды баянлайын.

Бул ўақыяның болғанына да әдеўир ўақыт болып қалыпты. Бесинши класста оқып жүрген гезлери еди. Мен аз ғана наўқасланып қалдым. Емлеўханада емлениўге туўра келди. Врачлар «ўақтында келипсең, жақсы болған» десип, қабыл етти.

Палатам белгиленди. Әсте-ақырын кроватлар бәри бирдей аппақ простынялар менен жабылған. Еденде жайылған палас темир жолдай туп-туўры созылып, берирректеги бир есикке қарай бурылған. Жайға үлкен-үлкен әйнеклер күнниң нурын аямай төгип, жақтыландырып тур. Ақ қағаздай аппақ диййўалдағы кийим илдиргишке ҳәр кроваттың тусында пенжеклер илдириўли. Ҳәр кровать жанында бир-бирден тумбочкалар бар. Тумбочкалар үсти ҳәр түрли китаплар менен газета-журналларға толы. Сол китапларды көргенде китап оқып жататуғын болдым деп өзимше қуўанып кеттим. Солайынша басыма қыйын гез туўғанда емлеўхана маған да, өзиниң усындай тап-таза, бауырман қушағын ашты.

Бираз ўақыт өткеннен кейин әдеўир саўалдым.

Бир күни узын коридор менен аяғымды абайлап басып, қуяшламаға шықтым. Ол кәрада бир топар балалар уйлығысып отыр екен. Ортасында сулыўшық жүзли, шашын артына қайырған бир жигит әлле нелерди оларға сөйлеп бериўде.

Ҳәмме жым-жырт. Бар ықласын сол жигиттиң сөзлерине аўдарған.

Оларды жатырқамастан, мен де әсте жақынлап бардым. Ҳәммеси маған қарасты. Шамасы, мениң қосылғанымды жақтырмас деген ой менен иркилип, былай қарадым.

— Кел, жақынла иним. Мине, мына жерде отыра ғой,-деди жаңағы жигит күлимсиреп.

Өз досларымды излеп тапқан яңлы қуўанып қоя бердим.

— Ассалаўма әлейкум,-деп бәри менен қол алысып шықтым.

Жигит сөзин даўам етти. Ол қандайда бир қызықлы ўақыяны сөз етип атырған екен. Мен бастан тыңламаганнан кейин бул ўақыяны оның қаяқлардан еситкенин яки оқығанын биле алмай, тек үнсиз отырдым да қойдым.

— Яқшы, бүгинге жетер,-деди де жаңағы жигит орнынан турды. Ҳәмме өз палаталарына қарай жүрди. Түс мәҳәли болып қалған еди. Қәдимги жигит қапталымыздагы палатада жатады екен.

— Жаңағы ағайдың аты ким? - дедим өзим менен бирге бир палатада болып атырған Дүзел деген балаға.

— Көбей аға ғой,-деди ол. — Ол бизлерге күнде жаңағыдай оқыған китапларынан қызықлы ўақыялар айтып береди. Дым жақсы. Ҳәммемизге кишкене шынжыр соғыўды үйретти...

— Ертеңде айтып бере ме? - дедим мен тақатсызланып.

— Аўа...

Мен таңның атыўын жүдә асығыслық пенен күттим. Айтқанындай ақ, бул күни де ол қызық-қызық әңгимелер айтты, жақсы-жақсы балалар қосықларын үйретти. Қысқасы, кеўил көтериўдиң өзи де нағыз емлениў екен. Күлисип, қосық айтсақ, бойларымыз жеп-жеңил болып қалатуғын еди.

Шын мәнисинде мен де Көбей ағаны кем-кемнен туўысқан ағамдай жақсы көре басладым. Бир күн көрмесем, шыдаўдың өзи мүмкин емес яңлы. Аўа, бул нағыз туўысқанлық сезим еди.

Тек мен бе? Жоқ, ҳәмме бала, ҳәмме-ҳәмме! Көбей аға не деп ақыл айтса, оның сөзи сөз.

Бир күнлери Алпысбай деген бала қыйқаңшылық етип, Дүзелге муш жумсайжақ болды. Көбей ағаға жуўырысып келдик. Ол барды да екеўин айырып жиберди. Соңынан барлық балаларға былай деди:

— Егерде ендигиден былай және тәртипсизлик ислесеңиз, мен сизлер менен дослықты үземен.

Балалар болса:

— Яқ, тәртипли боламыз Көбей аға,-деп жабырласты.

Және солайынша ҳәммемиз татыўласып, төбеден төгилген қуяш нурын жамылып, Көбей ағаның әңгимесин уйып тыңладық.

Бирақ, бул күнлер узаққа созылмады. Көбей ағаның денсаўлығы әбден жақсыланып, бир күни емлеўханадан шығатуғын болды. Ҳәмме балалар оның менен бир түрли болып хошласты. Аўа, сес-семирсиз. Тап туўысқанын узатып салып атырғандай!

Хошласыў гезек маған жетти. Ағай қасыма күлимлеп келип:

— Яқшы, көрискенше иним, тезирек саўалып кеткейсен, оқыўларында табыслар тилеймен,-деди.

— Хат алысып турайық, Көбей аға,-дедим мен де бир түрли кем кеўиллилик пенен.

— Болады...

Көбей аға солайынша кетип қалды. Балалар сирә бурынғыдай болмады. Бир күнлери оннан хат келди. Бәримиз жыйналысып оқып, бәримиз бирликте жуўап жаздық.

Емлеўханадан шығыў гезеги маған жетти. Денсаўлығым жүдә жақсыланды. Қуўаныш пенен Көбей ағаның адресин жазып алыў да есимнен шығып кетипти. Бираздан соң қайтып келсем, баяғы балалардың бәри де емлеўханадан шығып кетипти. Сөйтип, күтилмегенде Көбей ағам менен байланысым үзилди де қалды. Жүдә қапа болдым. Илаж не, кимнен сорайсаң?

Демде төрт жыл да зымырап өтип кетти. Ҳәзир Қоңыраттағы Орджоникидзе атындағы орта мектептиң 9-класында оқып атырман. Бирақ, елеге дейин Көбей аға есимнен шықпайды. Бир ушырассам еди дей беремен. Бәлки оны табыўға маған досларым жәрдемлесер? Мине, усы үмит пенен газетаға жазыўды мақул көрдим.

Әлбетте, үмитим еле үзилген жоқ. Көбей ағаны сөзсиз қайтадан излеп табаман деген исенимим күшли. Ал, егер бул хатты набада Көбей ағаның өзи оқып қалса, жүдә қуўанышлыман. Онда оның жуўап жазыўы турған гәп. Себеби, ол баланың нәзерин қайтаратуғын адамлардан емес.

Ҳәзир қайсы қалаларда, қайсы аўылларда жүр екенсең, Көбей аға?! Жуўап бер, тезирек...

*Тәжибай РЕЖЕПОВ.*
*«Жеткиншек» газетасы 1969-жыл 14-май.*

## «КИЙЕТ АЎЫЛЫ»НДА ТУЎЫЛҒАН ТАЛАНТ

Ҳәр сапар хызмет бабында пайтахтымыз Нөкистеги еки қабатлы зәўлим иматратқа орналасқан «Жазыўшылар үйине» қәдем атлағанымда, «Қоңыратлылар тегис саў-саламатпа? Ол таманларда қандай жаңалықлар бар иним» деп қуўанышлы қарсы алатуғын бир әжайып адам бар. Ол туўылған жерге бәрқулла бүйири бурып туратуғын, жерлес жазыўшы, шайыр Көбейсин аға Ерназаров.

«Әдебият майданы жазық болды, бир Садық екеўимизге азық болды, таз таранаман дегенше, той тарқайды, саў бала әлле қашан жазып болды» деп белгили илимпаз Қырықбай аға Байниязовтың айтқанындай, мүшели жасқа толған Көбейсин аға ҳаққында Толыбай аға Қубулов, Оразбай Сәтбаев ҳәм басқа да қәлем ийелери көплеген баслымларға әлле қашан жазып

үлгерсе де, менде жерлес иниси сыпатында қоңыратлылар атынан қутлықлаўды мақул көрдим. Мениң талантлы жазыўшы ҳаққында серлегеним, «мийўе ағаш питкен сайын төменшик» дегендей ол жүдә кишипейил инсан. Сондай-ақ, Наўрыздың ақша қарындай, ары, ҳүжданы таза инсан екенлигине ҳеш кимде гүман келтире алмаўы мүмкин. Көбейсин аға 1995-жылы мениң «Арал толғанысы» атамадағы топламыма редактор болып, баспаға таярлаған еди. Китап таяр ҳалына келгенин көрип, оған қайыл болғаным соншелли, кишеме шаколод алып бериң аға деп 3 сомды оған усынғанымда, Көбейсин аға салдамлы түрде, — рахмет иним, шаколодты келин менен бала-шағаңа апарып бергениң дурыс. Биз ҳешқашан хызметти пулға сатпаймыз деп, қолымды қысып, баспадан шыққан китабым менен қутлықлағаны еле ядымда.

Дурыс сөзли, өзгеге ғамхор бул әжайып талант ийеси Көбейсин аға Ерназаровтың Қоңыратта туўылғанын көпшилик биле бермесе керек. Яғный ол 1944-жылы 5-февральдың қақаман суўығында Қоңыраттағы «Кийет аўыл» аймағында дүньяға келген. 1949-жылы Қоңыратты суў алыўына байланыслы оның шаңарағы ҳәзирги Хорезм ширкет хожалығы аймағына көшиўге мәжбүр болған. Соңын ала Қанлыкөл районына карраслы болған «Ашамайлы» аўылында (ҳәзирги «Бес көпир» ширкет хожалығы) талант ийесиниң балалық дәўири өткен.

Жаслықтағы оқыў, билимге болған ықлас, оның тәғдирин республикамыз пайтахты Нөкис пенен байланыстырады. 1967-жылы Қарақалпақ мәмлекетлик педагогикалық институтының тарийх-филология факультетин тамамлаған ол дәслеп республикалық үлке таныў музейинде илимий хызметкер, соң бөлим баслығы болып ислейди. Буннан соң Өзбекистан Илимлер Академиясының Н.Дәўқараев атындағы тарийх, тил әдебият институтының философия, ал соңын ала қарақалпақ фольклоры секторында илимий хызметкер ўазыйпаларында ислеген. Ол жәмәәтлик автордағы бир қатар илимий-изертлеў

мийнетлерин жазыўға қатнасқан. Айрықшасы Қарақалпақ фольклорының 20 томлығын жыйнаў ҳәм баспаға таярлаўда белсене қатнасты. Усы баҳалы мийнетлери ушын 1993-жылы Бердақ атындағы мәмлекетлик сыйлықтың лауреаты болыўға ылайық болды. Көбейсин ағаның 1986-жылы «Қарақалпақстан» баспасына жумысқа келиўи оның әдебият ҳәм журналистика тараўында жемисли мийнет ислеўине айдын гүзар болды десек қәтелеспеймиз. Оның авторлығында «Босаға» (1985), «Музалар дүньясы» (1988), «Кешки саат алтыдан кейин» (1992) атамадағы бир қанша китапшаларын кең жәмийетшилик сүйип оқыйды.

Көбейсин аға Ерназаровтың Түрк халқының уллы жазыўшысы Әзиз Несинге дайы-жийенлиги барма екен? деген ойларға берилетуғынымыз да шынлық. Ол соңғы ўақытлары өзиниң барлық уқыплылығы ҳәм талантын юмор-сатиралық жанрға бағышлап киятыр десек ылайықлы. Оның сатиралық шығармаларын кең жәмийетшилик асығып күтетуғын болғанына өзим талай гүўасы болғанман. 1994-жылы баспадан шыққан «Сақал» сатиралық топламы усы бағдардағы қунлы шығармалардан саналады. Жазыўшы Оразбай Сәтбаев өзиниң «той хатында» тәрийплегениндей Көбейсин ағаның «Сақал»ы ийегине бир тал түк шықпаған «көсе»лердинде сүйип оқыйтуғын шығармаларына айланған. Ең бастлысы, усы «Сақал» кең журтшылықтың нәзерине түсиўден республика ҳәм район базарларындағы «қол бала алмас»ларды сатыўшылар «қысынған» болыўы керек, әйеўир инсапқа келгенин сезип жүрмиз.

Талант ийесиниң тағы бир айрықша қәсийети, ўақытты ғәниймет билетуғын, мийнеткеш жазыўшы. Айырым мәкемелерде ўақытты сарплап «карта» ойынды қыздырып атырғанларды да көрип қалатуғынымыз шынлық. Ал бизиң сөз етип отырған жазыўшы қаҳарманымыз түски мезгилдеги шайын, үйине барып ишип қайтыўға да ўақыт таппай қалады десек сизлерде бизди мақуллайтуғын шығарсыз. Ол «пәл-пәллеп

ушып баратырған қустың да» тәғдири ҳаққында толғанып, қағаз-қәлем тербетиўден шаршамайды.

Өзгелер усап түски пайытта асханаға барғанында көргенимиз жоқ. Жеңгемиз усынған шөрек нанына қанаат етип, оз кеңсесинде шай қайнатып, түсленип отырғанын талай көрдим. Қасында сыясы кеппеген дәптери, түски пайытта да ол ақ қағазды шыжбайлап отырып, шай ишеди.

Набада кимлердур кеңсесине кирип барса, аманлық-есенликтен соң, дәрҳал ол «иним келгениң жақсы болды, түски шайды бирге ишемиз» деп столды қойып, мирәт етип атырғаны...

Бул қатарлар, әжайып талант ийеси менен түслик шайды талай бирге ишкен адам тәрепинен жазылып отырғанын сизлерде түсингениңиз мақул.

Әне Көбейсин аға Ерназаров усындай мийнет сүйгиш, қәлби кеңпейил, әжайып инсан. Республикалық газета-журналларда оның қәлеминен дөреген 60 тан асламырақ гүррињлери, сатиралық шығармалары жәрияланғанын бәршемиз билемиз. Жазыўшының ҳәр қыйлы жанрдағы шығармалары түркмен, өзбек, рус тиллеринде жарық көрди. Балаларға бағышланып жазылған бирқатар қосықлары мектеп сабақлықларынан орын алған. Көпшилик балалар оның қосықларын ядтан билетуғынында айтып өткенимиз дурыс.

Бердақ атындағы республикалық сыйлықтың лауреаты, талантлы жазыўшы Көбейсин аға Ерназаров быйыл өзиниң мүбәрек 60 жасын қуўанышлы қарсы алмақта.

Өзи туўылып өскен жипек жолы дәрбентинде жайласқан Қоңыраттың айнасы болған «Жеңис байрағы» газетасының дәслепки санының шыққанына быйыл 60 жыл толатуғынын есапқа алсақ, жерлес талант ийеси Көбейсин ағада газета менен түйедей құрдас деген сөз.

Ҳәзир 60 жасқа шыққан талантлы жазыўшы дөретиўшилик шығармалардың авторы болыўы менен қатар өмирлик жолдасы кишемиз Орал менен шаңарағында бес перзент, 7 ақлықты

тәрбиялаған бахытлы инсан. Оның қәлеминен «Жақсылық ҳәм жаманлық ҳаққында ертек», «Еситпеген елде көп», «Адақ қаласын излеп» ҳәм басқада топламлар жарық көрди. Устаз ағамыз бәркулла излениўге, ақ қағазды шыжбайлаўға жалықпайды. Демек, оның халыққа бергенинен, алда талай нийет етип усынатуғын шығармалары көп. Быйылғы «Мийрим шәпәәт» жылында устаз жазыўшы Көбейсин аға Ерназаровтың мүшели торқалы тойы менен қутлықлап, оған беккем денсаўлық, алдағы дөретиўшилик хызметлеринде тасқын табыслар тилеп қаламыз.

*Зинетулла ХОЖАНИЯЗОВ,*
*журналист.*
*«Жеңис байрағы» газетасы 19-февраль 2004-жыл.*

## ШАЙЫРДЫН ЗАЙЫБЫ

### БУННАН АРТЫҚ БАХЫТТЫ КҮСЕМЕГЕН

Газета оқыўшыларына усынып отырған қаҳарманым мәмлекетлик атақларға ийе, пүткил халыққа белгили инсан емес. Жумысларында ҳәмме таңқалғандай табысларды қолға киргизген деп те айта алмаймыз. Лекин, оның оқыўшы нәзеринде усынғандай бир өзгешелиги биринщиден, жазыўшының ҳаялы екенлиги болса, екинщиден ислеген сипсекешлик кәсибине үйлесиңкиремейтуғын китапқумарлығы, парасаты, сөйлескенде жанынды жадыратып жиберетуғын тақыўалығы менен сәўбетлесиниң ядында қалатуғын пазыйлетлери болды. Демек, илим тараўында ислеген мийнетлери ушын Бердақ атындағы сыйлыққа миясар болған, оқыўшыларына, әсиресе, сатирик жазыўшы сыпатында танылған, «Босаға», «Музалар дүньясы», «Жақсылық ҳәм жаманлық ҳаққында ертек», «Кешки саат алтыдан кейин», «Сақал» сыяқлы көп ғана китаплардың авторы Көбейсин

Ерназаровтың зайыбы Орал Мәдрейимова туўралы жазыўымыз тийкарсыз емес.

## ДЕГЕНИНЕ ЖЕТКЕНДЕ УСТАЗЫМЫЗ БОЛАР ЕКЕН

Көбейсин ағамыздай, гәпти ойынлы-шынлы баслайтуғын болсақ, Орал апамыз оған турмысқа шығыўға разылық бергенде кеўлинде ҳешкимге билдирмеген «корыстный цель» болған. Сол жыллары үйинен оқыўға кетиўге рухсат ала алмай жүрген қыз институтты тамамлап Қоңыратқа қайтып бармай, Нөкисте ислеп қалып атырған жигиттиң шалғайына асылсам шеп болмаспан, журналист боламан деген әрманым енди иске асатуғын болды деп танысқанына еки ай болар-болмастан оның менен турмыс қурыўға бел байлаған. Лекин, ериниң өз дегенин гәп-сөзсиз орынлата алыў уқыбының жүдә күшлилиги Нөкиске көшип келгеннен соң да оны тырп еткизбеген. Келиншектиң бас ўазыйпасы өзлери менен қоса көширип әкелген наўқас енесин бағыў, соннан аўысса ғана жағдайлы жумыс таўып ислеў деп белгиленген. Бул жағдайлар келиншекке саўа болса қолынан түсирмейтуғын китапларын услатып, ҳешкимге айтпаған әрманларын әрманлығынша қалдырған. Баспасөзге жақынласаман деп ислеген полиграфкомбинат та, үйине жақын деп жумысқа өткен шөрек цехы да оның шаңарақтағы ўазыйпаларына кесент еткенликтен бир майдан барып қайтатуғын сипсекешлик мақул түскен ҳәм усы талапта пенсия жасына шекем ислеген. Енеси қайтыс болған жылы сол үйдиң келим-кетими деп оның жылына шекем жумысқа шықпаган. Буны ҳаялдың пидайылығы, шаңарақ дәстүрине садықлығы демей, не дейсең?

## КЕҢ БОЛМАСАҢ, ЖАЗЫЎШЫҒА ҲАЯЛ БОЛА АЛМАЙСАҢ

Бул мениң емес, Орал апаның пикири. Гәп арасында оған «Жазыўшының зайыбы болыўдың қыйын тәреплери неде? Абзаллығын қай гезлери сезинесиз?» деген сораўыма ол:

— Жазыўшының жазыўшы болыўы оның зайыбына көп жағынан байланыслы деп ойлайман. Шаңарағы тыныш, изи жай жазыўшы ғана жақсы шығарма дөрете алады деген пикир менен кең жағын оған берип киятырман. Ериме пулды аз таптың ямаса жетпейди деп көрген ҳаял емеспен. Қолыма услатқанын жетисине қарай жумсап, журтқа жарысып дүнья жыйнаўды, мода қуўып кийиниўди үрдис етпегенмен. Мениң баслы мақсетим — еримниң дөретиўшилик пенен шуғылланыўына қолымнан келгенинше мүмкиншилик жаратып бериў, татыў жасаў, перзентлеримди мийримли, өнерли етип тәрбиялаў болды.

Қуўанатуғыным, бул мақсетлериме еристим. Күйеўимнен бир аўыз жаман сөз еситип көрмедим, қәдиримди жоқары қояды. Бир-биримиздиң кеўлимизди бағып, балаларымызға, келинлеримизге соны үйретип жасап атырмыз.

Жазыўшының зайыбы болыўдың өзим билетуғын абзал тәрепине келетуғын болсақ, оның биринши оқыўшысыман. Жазған барлық шығармаларын мениң сынымнан өткизбей турып баспаға усынбайды. Айтқан пикирлеримди талқылайды, дурыс деп тапса есапқа алады. Ол мениң китапқумарлығыма елеге шекем қуўанады. Қарақалпақтың барлық атақлы шайыр-жазыўшыларының шығармаларын оқығанман. Сондай-ақ, С.Мухановтың, М.Әуезовтың, Ә.Нурпейисовтың, А.Қадирий, Айбек, Ш.Айтматовтың повестьлери менен романларын, трилогияларын, дүнья әдебияты маржанларын үйге алып келип мени қуўантқан өзи. Ҳәтте ол оқымаған китаплар қолына түссе, оқығанларымды айтып беремен. Ҳәзир де «Қаўыснама» менен «Ҳәдислер» саўа тапсам бир жағымнан қалмайды.

Оның әңгимелеринен, пикирлеў дүньясынан көп оқыған адамның артықмашлығы сезилип турар еди...

**«КЕЛИН КЕЛСЕ БИР ҚАБАҚ СУЎ АРТПАЙДЫ»**

«Балам қәлеп алған «любой» келин менен оңыса аламан». Бул гәпти өз балаларының ақыл-парасатына исенген ана ғана айта алса керек. Еки келинди тең жумсаў қыйын, дейтуғынлар да баршылық. Өзи қартайғанша еки ененің хызметин еткен Орал апа ушын келинлердиң кеўлин табыўдың да, қатарластырып жумсаўдың да қыйыншылығы жоқтай көринеди. Оның айтыўына қарағанда, таза түскен келинди шаңарақтың бары-жоғына көнликтириў, түсинисип жасаўға үйретиў ененің жумысы. Бул шаңараққа түскен үш келинниң де оңқолдай болыўында тийкарғы себепши енесиниң парасатлығы, ҳақыйқатшылығы, мийирманлығы болған.

— Үйим таза, аўқатым писириўли болса, бараман деген жериме иркинишсиз кетсем, ақлықларым жанымда болса мийнетим жеңиллегени емес пе? – дейди ол. — Үш ул, еки қызым болғаны менен сегиз перзентти камалға келтирдик. Қайтыс болған бийкешимниң ул-қызын, сиңлимниң өзин тәрбиялап, қутлы жерине қондырғанбыз. Қуда-қудағайларымыздың ҳеш бири менен арамызда қалың мал мәселесинде келиспеўшилик болмаған. Ҳәтте, қалың мал алмай-ақ «қызымыздың бетин ашып жиберейин» деп қудаларымыздың тойына жәрдем берген жағдайларымыз да болған. Ҳәзир бәри де орынлы шаңарақлар болып кетти.

**ОЛ УШЫН БАХЫТ НЕ?**

Әпиўайы ғана турмыс кеширетуғын бул ҳаял бахыт неде деп түсинетуғынына да қызықсындым.

— Мен буннан артық бахытты күсеп жасамағанман,-деди ол қысқа ғана. — Сен-менге келиспей еримиз бенен қариялық дәўирине жетискенлигимиздиң өзи мен ушын бахыт.

Шаңарағымыздағы тыныш-татыўлық, қәтержамлық та бахтым. Балаларымның кеўлимдегидей екенлиги де, апалап асылып жүретуғын ақлықларымның барлығы да бахыт. Демек, өмиринен кеўли тоқ бахытлы анаман.

Қаҳарманымды тыңлап отырып, китаптан оқыған мына гәплер ядыма түсти: «Ҳаяллардан данышпанлар, философлар шыққан емес. Шамасы ҳаяллар өмирден ҳикмет излеўден көре, өмирди ҳикметлерге толтырып жасаўды мақул көреди»...

Пердегүл ХОЖАМУРАТОВА.
«Еркин Қарақалпақстан» газетасы 12-ноябрь 2005-жыл.

*Әскербай ӘЖИНИЯЗОВ*

## КӨБЕЙСИН ИНИМ

Иним един студентлик ўағыңнан,
Хабарым көп еди аўыл жағыңнан.
Қай ўақта да жарылар ең ҳағыңнан,
Ҳақ кеўил көп болсын Көбейсин иним.

Қосық жаздың қысқа қылып қатарын,
Столда күтерсең таңның атарын,
«Наук» болып кетти бираз қатарың,
Жолың жарық болсын Көбейсин иним.

Ҳәмел, атақ, жалған аброй қуўмадың,
Нәпәклик суўына бет-қол жуўмадың,
Ҳадал өмир сүриў — баслы әрманың,
Нийетиң қуп болсын Көбейсин иним.

Кимсең: «мақсым бала», «мақсым жазыўшы»,
Аўылында метафора — гәп усы,

Бизлер ийне менен қудық қазыўшы,
Жапакеш халықпыз Көбейсин иним.

Институт питкерип, филиалға барып,
Сөз шөпшеп, сөз тинтип бөлеге қалып,
Фольклордың көп томлығын шығарып,
Қалыс хызмет еттиң Көбейсин иним.

Үлкен бе, киши ме, тендей мийримиң,
Талай кеўиллердиң жаздың жыйрығын,
Ақыры, мәмлекетлик Бердақ сыйлығын,
Алып шалқып жүрсең Көбейсин иним.

Көп мәкеме шақырсада басқа да,
Филиалды аўмасып кирдиң баспаға,
Келип қалғаның ба 50 жасқа да,
Ўақыт неткен жүйрик Көбейсин иним.

Биреў мүтәж болып, тойда, жыйында,
Палаўшы табылмай қалса қыйынға,
Өзиң палаў асып қәўим, уйымға,
Той басқарып жүрсең Көбейсин иним.

Ҳадаллық, туўрылық, пәклик жолдасың,
«Мақсым бала» сени қудай қолласың,
Ким болмасын десе — өзи оңбасын,
Дин ийманың дүзиў Көбейсин иним.

Минекей баспаның сол гөне тамы,
Артықбай шырласа жәмәәт ғамы,
Карл аға, Өтебай, Файзулла замы,
Бизди көпсинеди Көбейсин иним.

Көпсинсе көпсинсин, көпсинген жақсы,
Бизики бойсыныў «ал аўа», «яқшы»,
Қолың айға жетсин, жулдызды қақшы,
Бахтың бәлент болсын Көбейсин иним.

Елиў жасың менен сени қутлықлап,
«Жаман», «Жақсы аға» арымды сақлап,
Не жазсаң жүремен сыртыңнан бақлап,
Оқыўшың көп болсын Көбейсин иним.

Елиў жас мүбәрек болсын илайым,
Еле ҳәм Көбей деп дууа қылайын,
Ҳәммени яратқан қәдир-қудайым,
Сени қоллап жүргей Көбейсин иним.

Исен я исен бе, Әскер ағаңа,
Қулаққа қуры сөз ҳәзир жағама,
Келинге, өзиңе, бала-шағаңа,
Аманлық тилеймен Көбейсин иним!

*4.02.1994-жыл.*

**Толыбай ҚАБУЛОВ**

## КӨБЕЙСИНГЕ ХАТ

*(60 жыллық тойын қутлықлап, 30-январь 2004-жыл)*

Жаўып келип «КОММИ» атлы фирманды,
Агентликте қызылладың қырманды.
Түслик чайды түсте өзиң қайнатып,
Бир өзиң-ақ жеп қоясаң бир нанды.
Бир нанына гейде мирәт етесең,
Амангелди, Жанызақ ҳәм Нурманды,
Қонақ келсе сақыйланып кетесең,
Кабинетте қолға алып қумғанды...

Жумысқа да келип ҳәр күн ўақтында,
Көп айтасаң обал, саўап ҳаққында,
Басқалардың аўзын жулып аласаң,
Егер, бизиң мәкемени гәп қылса.
Пиядалап Совминге де барасаң,
Барып кел ҳәм алып кел деп тапсырса...
Қара тақыя кийсең усап турасаң,
Қоңырат беттен қыдырып келген мақсымға...

Еткен хызметинди миннет етпейсең,
«Ҳәзирги мәҳәл» ҳәм «Үндеў гәп» дейсең.
«Раис» деп гәпке тутса Өтебай,
Индемейсең, ишимдегини тап дейсең.
Ойласқан ўақтында Нысанбай менен,
«Сақлықта қорлық жоқ» қапыны жап дейсең.
Гейде шаққан, гейде сөйлеп жай менен,
Қараны қара деп, ақты ақ дейсең.

«Қурылтай шеберме, қудай шеберме?»,
Деген нақыл бизлерге мас келерме.
Кемис болып турар еди бир мусылман,
Сен дүньяға келмегенде егерде.
Сен келип көп жеңиллести жүгимиз,
Ғарға тамыр қарақалпақпыз түбимиз.
Сениң Агентликке келип қалғаның,
Өткен әсирдеги үлкен қубылыс.

Бәлент пәрўаз етсин бахыт қусыңыз,
60 тан соң зияратлап қайт Ҳажыға,
Жәмәәттиң атынан бир усыныс...

## КӨБЕЙСИННИҢ КЕЛИН ТОЙЫН ҚУТЛЫҚЛАП...

Кеше келин алып дайы журтыңнан,
Көбейсин күлип тур бүгин муртынан.
Ақылы бар, пайдасына путин деп,
Көп адамлар мақтап атыр сыртынан.

Көбейсинди көп мақтама көзинше,
Оның дүнья көзқарасы өзинше.
Айнымаған ахун-ийшан болажақ,
Сақал-муртын сәл азырақ өсирсе.

Араласпас ол басқаның исине,
Көп қалыс мәсләҳәт берер кисиге.
«Аязласаң, ашшы демлеп, чай иш!» - деп,
Үлес қосар тәўиплердиң исине.

Узақ жыллар хызмет етип филиалда,
Унап қалды көп шет еллик мийманға.
Сатиралық гүррин етти кеңседе,
Қуры отырып қайтқанларды диванда.

Боламан деп Шаўдырбайдың шәкирти,
Баспада ол узынлыққа секирди.
Усап турды ол «Баспасөз үйинде»,
Турақлы ҳәм исенимли ўәкилге.

Ҳәзир белли хызметкери УзТАГтың,
Шеңберинен шықпайды ҳеш Уставтың.
Аўлағында айтатуғын қосығы:
«Мениң жигит ўақтым, сениң қыз ўақтың»...

«Совет халқы аман яшаң» дегенде,
Солқылдайды патолог та, еден де.

Қол радиосын қолтығынан шығарса,
Журналисттей болар жүрген шет елде.

Ол мудамы қоңсыларын мақтайды,
Олардан ҳеш қандай гүнә таппайды.
Ҳеш парқы жоқ ағайин бе, басқама,
Бирақ оған жалатайлар жақпайды...

Қутлы болсын Көбейсинниң келини,
Нур дарытсын келип түскен жерине.
«Урал» мотоциклине минип ол,
Қатнап турсын уллы Қоңырат елине!
Тилегим сол: тойы тойға уласқай,
Қонағы көп болсын Клара, Кулаштай,
Ел перзенти — Ерназаров Көбейсин,
Шуғла шаша берсин нурлы қуяштай.

10.XI.2001-жыл.
Т.ҚАБУЛОВ.

Жалғас ХОШНИЯЗОВ

## ДОСЛЫҚ ҲӨЗИЛИ

Көбей аға танаўларың қасықтай,
Жаўан көрсең кеўлиң Ғәрип ашықтай.
Албырамай, алаң болмай асықпай,
Елиўди қолтықлап алған жигитсең.

Өмирдиң де бир мезгили өтипти,
Кәтқудалық дәўран саған жетипти,
Ойлап, шенеп барлық кемис кетикти,
Қалай толтырсам деп турған жигитсең.

Биймезгил өтесең бирдей тесиктен,
Күнде «саат алтыдан соң» кешиксең,
Бала-шаған көз-қулағы есикте,
Автордың үйине қонған жигитсең.

Есинде ме студентлик дәўирлер,
Бир жылындық қызлардағы ҳәўирге,
Бизден қашып сулыў корсең тәўирлеў,
Бир өзиң күйеўлеп барған жигитсең.

Ийге тартар ойың болса ериспей,
Группа қызларын сүйип тегислей,
Ақырында олар менен келиспей,
Оралды айттырып алған жигитсең.

Сонда диплом менен жумыс басладың,
Музей, филиал, бала-шаға бас ғамың,
Замы болып кейин миллий баспаның,
Ўақтында ортаны жарған жигитсең.

Иси менен сөзи бир деп мақталып,
Жала, дөҳмет, өсеклерден сақланып,
Оттан шығып суўға түсип тапланып,
Бердақтың лауреаты болған жигитсең.

Нуқсаны жоқ ойлап еткен исиңнин,
Бәри пүтин отыз еки тисиңнин,
Орал алып белдеги бар күшинди,
Бес перзентиң мехрине қанған жигитсең.

Гүз демей, қыс демей салма бойында,
Қассап болдың, қазан астың жыйынга,
Кепкир жойтып бир қоңсының тойында,
Усталық кәсибин қойған жигитсең.

Егленбейсең иси түскен адамға,
Дәмеленбей атақ, аброй, ҳамалдан,
Нөкисте «Таллы жап» деген таманда,
Мереке мәжлисти сауған жигитсең.

Арнап сөз торладың гүрриң, қосықтан,
Қууатың бар йошларынды тасытқан,
Ойды орап қашырымнан, қашықтан,
Қыйлы-қыйлы китап жазған жигитсең.

Рахмет, ықластан кетпей шекленип,
Жақсылықтан шапан кийип еп келип,
Мухаммедке бир көйлекти көп көрип,
Шернияздан дәмени қойған жигитсең.

Нағыз ўақтың келди жумыс етерлик,
Тәшўишиң көп бир басыңа жетерлик,
Дем алыста қан басымды көтерип,
Өз-өзиңе тәўип болған жигитсең.

Алдынды ойладың түстиң не күйге?
Жоқты, жеткермести кеўилге түйме.
Туңғышың үйленип уллы той үйде,
Келинди түсирип толған жигитсең.

Ўақты-ўақты дәлкеклесип турайық,
Елли жасың ел мәпине ылайық,
Көп жаса! Ақылың, күшиң нығайып,
Еле талайларға қорған жигитсең.

4.02.94 — 4.02.1995.

## III БИБЛЕОГРАФИЯЛЫҚ МАҒЛЫЎМАТЛАР

## АВТОРДЫҢ ЖЕКЕ КИТАПЛАРЫ

«Қарақалпақстан» баспасы

1. «Босаға». 1985.
2. «Музалар дүньясы». 1988.
3. «Жақсылық ҳәм жаманлық ҳаққында ертек». 1990.
4. «Кешки саат алтыдан кейин». 1992.
5. «Сақал». Сатиралық топламы. 1994.
6. «Еситпеген елде көп». 1996.
7. «Адақ қаласын излеп». (Проза). 1997.
8. Тымсаллар. 2013.
9. «Сиз қыста не жейсиз». (Тағамлар сыры). 1990.

Наутбоукта

10. Ҳаялым «Бизнесмен» болмақшы. 1-китап 2005.
11. Ҳаялым «Бизнесмен» болмақшы. 2-китап 2015.
12. Өмирден уғынғанларым. 2016.

## АВТОР АЛЬМАНАХЛАРДА

1. «Шуғла». «Қарақалпақстан». 1978
2. «Жаслар пәрўазы» «Қарақалпақстан». 1982.
3. «Үш тамыр». «Қарақалпақстан». 1990
4. «Қәдирдан Ленин». «Қарақалпақстан». 1990
5. Меҳрибаным Анам. «Қарақалпақстан 1997

## ОҚЫЎ КИТАПЛАРЫНДА

1. Оқыў китабы, 1-класс.
2. Оқыў китабы, 2-класс.
3. Қарақалпақ тили, 2-класс.

## АЎДАРМАЛАРЫ

«Қарақалпақстан» баспасы

1. Дағыстан шайырлары (бир дүркин). 1988.
2. Планета ҳаўазы (бир дүркин). 1987.
3. «Уш тамыр», (бир дуркин) 1990.
4. А.Мәмедов. Кеўилимниң шар айнасы. 1991.
5. Никола Маквели. Ҳүкимдар. «Әмиўдәрья» журналы. 2009, 2010.

## АВТОРДЫҢ ШЫҒАРМАЛАРЫ БАСҚА ТИЛЛЕРДЕ

1. Түркмен тилиндеги қосықлары «Совет Түркменстаны», «Яш коммунист» газеталарында. . 1991
2. Өзбек тилинде қосықлары ҳәм юмор-сатиралық гүрринлери — «Аму тонги», «Афанди», «Ишонч», «Ойла даврасида» газеталарында.
3. Рус тилиндеги гүрриңлери «Вести Каракалпакстана» газетасында жарық көрди.

## АВТОРДЫҢ ШЫҒАРМАЛАРЫНА СЫН ПИКИРЛЕР

1. «Ўзбекистон адабиёти ва санъати» газетасы, 1983-жыл 20-май (шолыў)
2. «Әмиўдәрья» журналы. 1986, 5-саны (шолыў)
3. У.Пиржанов. «Көбейсинниң «Сақалы», «Қарақалпақстан жаслары», 1994.
4. Г.Есемуратова. «Көбейсинниң қәлеми». «Еркин Қарақалпақстан» газетасы, 2003-жыл 11-ноябрь.
5. Ж.Хошниязов. «Пәклигинен йош алған шайыр». «Устаз жолы» газетасы, 2004-жыл 5-февраль.

6. П.Нуржанов. «Ҳәзирги гүррииңшилигимиздиң белгили уәкили». «Қарақалпақстан жаслары», 2005-ж 3-февраль.
7. Ж.Хошниязов. «Тымсаллар тилсими». «Қарақалпақстан мәденияты ҳәм спорты» газетасы, 2015-жыл 31-январь.
8. Қ.Есебаев. «Журналист заманынан алда жүриўи керек». «Еркин Қаракалпақстан» газетасы, 2013-жыл 26-январь.

## ЮБИЛЕЙЛИК СӘНЕЛЕРГЕ БАЙЛАНЫСЛЫ ҚУТЛЫҚЛАЎ МАҚАЛАЛАР

1. «Ғумша» журналы, 1993-жыл 4-саны. К.Ерназаров 50 жаста.
2. «Арал» журналы. 1994-жыл 1-2 саны. О.Сәрсенбаев. К.Ерназаров 50 жаста.
3. «Афанди» газетасы. 2004-жыл 20-май. А.Ақназаров. «Мийманымыз — қарақалпақ сатириги К.Ерназаров — 60 жаста».
4. «Еркин Қарақалпақстан» газетасы, 2004-жыл 5-февраль. О.Сәтбаев. «Босаға»дан басланған қәдем».
5. «Вести Каракалпакстана» газетасы, 2004-жыл 3-февраль. Қ.Есемуратов. «Мир держится стараниями добрых людей».
6. «Аму тонги» газетасы, 2004-жыл 5-февраль. Т.Қабулов. «Көбейсинди көплер биледи».
7. «Аму тонги» газетасы, 2004-жыл 3-июнь. К.Қурамбаев. «Мухаррирликтан чиниққон ижот».
8. «Жеткиншек» газетасы, 2004-жыл 5-февраль. Редакция.
9. «Нөкис ҳақыйқаты» газетасы, 2004-жыл 22-январь. Т.Қабулов. «Көбейсинди көп адамлар билмейди».
10. «Қоңырат ҳақыйқаты» газетасы, 2005-жыл 14-июль. «Қоңыраттан ушқан қарлығаш». (Ред.).
11. «Қоңырат ҳаўазы» газетасы, 19-февраль 2004-жыл. З.Хожаниязов. «Киет аўылында туўылған талант».

## ҚАРАҚАЛПАҚ ФОЛЬКЛОРЫ БОЙЫНША ИЛИМИЙ МАҚАЛАЛАРЫ

1. Қарақалпақ халық жыраў-бақсыларының музикалық әспаплары тарийхынан.Совет муғаллими,1970-жыл 26-август.

2.Қарақалпақ фолклорында динге қарсы мотивлерди үйрениў ҳаққында.Весник.ККфилиал АнУзССР.1975,№1

3. Произведения фольклора каракалпаков о равноправи женшин. Весник.ККфилиал АнУзССР.1977,№4

4.»Шийрин шекер» , «Жаскелен » , «Ерқосой» ҳәм «Ҳажы-Гирей» дастанлары ҳаққында(соавтор).Қарақалпақ фольклоры,17-том,1987.

5. «Жаҳанша» ,»Ерсайым»,»Бозжигит», « Зийнеп-Алтынгүл» дастанлары ҳаққында(соавтор).Қарақалпақ фольклоры XX том,1990.

6.Қарақалпақ алымлары «Алпамыс дәстаны ҳаққында». «Қарақалпақстан жаслары « газетасы.1999-жыл 28-октябр.

7.Бәри де балалықтан басланады.(проф Қабыл Максетов ҳаққында).»Жеткиншек» 1998,29-февраль.

## ДӨРЕТИЎШИЛИК ПОРТРЕТЛЕРИ, РЕЦЕНЗИЯЛАР

1.Дәўир нәпеси менен(Фатима Мырзабаева ҳаққында). «Жас Ленинши «1989-жыл 10-октябрь.

2.Таўлар менең әрманым болып булдырар (Жалғас Хошниязов ҳаккында). «Қаракалпакстан жаслары « 1998.

3.Әпсаналарға жан ендирген алым (Турганбай Бегжанов ҳаққында).»Тынышлық сақшысы «,2006,23-декабрь.

4.Балаларға тайыншақ минлирген шайыр .(Т.Ешанов ҳаққында ) «Қарақалпақстан жаслары «.2006.10-август.

5.Тағыда балалар әдебияты ҳаққында.»Қарақалпақстан жаслары «,2012,12-апрель.

6. Дизимге профессор Асқар Тажимуратов, сондай – ақ, Шаўдырбай Сейтов,Толыбай Кабулов,Нурман Мусаев ҳәм басқалар ҳаққында басылып шыққан яднамаларды киргизе алмадық.Қудай кеширсин!

# ШЕЖЕРЕ

**Мәдирейим кызы Орал.**

**Ержан улы Мәдирейим зайыбы Бийбигул.**

- **Мәткәрим**
  - Қуўанышбай
  - Эльмира
  - Азамат
- **Орал**
  - Махмуд
  - Махсут
  - Илхам
  - Гулистан
  - Дилбар
- **Орынгул**
  - Құрал
  - Бахрам
  - Мехрибан
  - Ғулам
- **Бийбисара**
  - Шахзат
  - Салтанат

# ШЕЖЕРЕ

**Ерназаров Көбейсин зайыбы Орал**

- **Махмуд**
  - Нилўфар
  - Сардарбек
  - Сара
- **Махсут**
  - Жасурбек
- **Илхам**
  - Шахрухбек
  - Муқаддес
  - Насийба
- **Гулистан**
  - Гулжамила
  - Қаллибек
  - Руслан
  - Улуғбек
- **Дилбар**
  - Абдижамал
  - Алтынай
  - Гулбаныў
  - Мехрибаныў

## Шежереге қосымша

1. Палўан бий Қутим текли (1820-1877) шамаламай
2. Палўан улы Қылыш бий (1852-1912) шамаламай
3. Қылыш улы Сапарнияз бий (1877-1930)
4. Сапарнияз улы Гәршек (1895-1945)
5. Сапарнияз улы Аллаяр (1899-1943)
6. Сапарнияз улы Ерназар (1910-1980)
7. Султан қызы Сара (1899-1974) (баққан анамыз)
8. Алламурат қызы Бийбисара (1922-1994) (туўған анамыз)
9. Ерназар қызы Раўшан (1945-1983)
10. Аллаяр қызы Наргул (1927-2001)
11. Аллаяр улы Теңел (1929-2004)
12. Аллаяр улы Қуўат (1940-1980)
13. Аллаяр қызы Тазагул (1943-2010).

## Бизден

Дуньяға келдиң бс жоқтан бар болып,
Перзентсиз жургенлер аз ба зар болып ?!
Аламойнақ дуўтардағы тар болып,
Қулаққа жағымлы сес қалсын бизден!

Гейде мақталарсаң, гейде «таланып»,
Шаңында қаларсаң базда жаланың,
Ең болмаса гербиш болып қаланып,
Өмир дийўалында из қалсын бизден!

Өзиниң шамасын билген даналар,
Ҳәр кимде ҳәр қыйлы ақыл-сана бар,
Бийкарға айтпаған ата-бабалар,
Сыйласық султаны «сиз» қалсын бизден!

Жақсы перзент абырайынды асырар,
Кеўилинди ағын суўдай тасырар,
Бақталаслар аяғыңа бас урар,
Мийримли ул менен қыз қалсын бизден!

Ҳәр кимсе Наўайы, Бердақ болалмас,
Дуньяны қәлемде жаўлап алалмас,
Шайыр дегенлерин көп қырлы Алмаз,
Keминде ақыллы сөз қалсын бизден!

2013-жыл

## МАЗМУНЫ

### I. ӨМИРДЕН УҒЫНҒАНЛАРЫМ

Ата-бабаларым ҳаққында билгенлерим.....3
Тағдир соқпаклары ямаса өзим ҳаққында билгенлерим.....5
Биз сүйенген байтереклер.....13
Жумбақлы дүнья.....15
Ышқы-муҳаббат саўдасы.....18
Муҳаббат ҳәм турмыс ҳаққында ойлар.....24
Мен қассапшылықты қашан үйрендим.....29
Бизди сатира қурдымына ийтерге кәсиплесим.....31
Халық медицинасының сыры.....31
«Бир достың болсын» дегендей.....36
Өмирден уғынғанларым.....40
Ўәсиятнама.....43

### II. ӨЗГЕЛЕР БИЗ ҲАҚҚЫНДА

Қайдасаң ағай ? Т.Режепов.....51
Кийет аўылында туўылған талант. З.Хожаниязов.....54
Шайырдың зайыбы. П.Хожамуратова.....58
Көбейсин иним. Ә.Әжиниязов.....62
Көбейсинге хат. Т.Қабулов.....64
Көбейсинниң келин тойын қутлықлап. Т.Қабулов.....66
Дослық ҳәзили. Ж.Хошниязов.....67

### III БИБЛЕОГРАФИЯЛЫҚ МАҒЛЫЎМАТЛАР

## ҚОСЫМША МАҒЛЫЎМАТЛАР